БлэкІам къэгъазэ иІэкъым

2-нэ нап.

Щалэгъуалэр мыщхьэрыуэн папщІэ

2-нэ нап.



ГъащІэм фІы гуэрым сыпигъаплъэу, си Іуэху дэкІырт

3-нэ нап.

Миланэрэ Идаррэ дунейпсо чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№61 (24.811) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

ГущІэгъуншэт зауэр

4-нэ нап.

Лъэпкъыр мэщыгъуэ, лъэпкъым ещІэж...

Гупсысэр тенджызым хокІуатэ,
Мы си гур жьы щІыІэм епхъуатэ.
Мы си гур толъкъуным хокІуадэ,
Толъкъуным гуузыр еІуатэ.

Ди Щыгъуэ-щІэж махуэм псэкІэ зэпещІэ дуней псом щикъухьа адыгэхэр. Тхыдэм дроплъэж, ди щхьэ кърикІуам догупсысыж. Зыхыдощlэ ИстамбылакІуэм и гуауэр.

Накъыгъэм и 21-м адыгэгу зиІэхэр щызэхуэсащ Налшык гъущІ гъуэгу вокзалым. Абдеж къыщежьэри, Ленинным и уэрам бгъуфІэм къэрикІуащ лъэпкъ уардэм и бынхэр. Адыгэ ныпыр жьым щыхуарзэу яІыгъыу, бзылъхугъэхэм гъыбзэхэр жаІэу, хъулъхугъэхэм лъэпкъ тхыдэ уэрэдыжьхэр яукъуэдийуэ, лъэпкъ фащэкІэ хуэпа сабийхэм я Іэпэхэр адыгэ анэхэм яІыгъыу. Гъуэгум кърикІуахэр екІуэлІащ Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ сыным. Адыгэ фащэр зи шыфэлІыфэу гупым и пэрытхэр «Псэ жыгым» бгъэдыхьащ, ар къаухъуреихьу... ИтІанэ гъуо къэджащ...

Абдеж щекІуэкІащ адыгэ лъэпкъым и щыгъуэ пэкІур. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Парламентым, Правительствэм, дин ІуэхущІапІэхэм я лІыкІуэхэр, щІыналъэхэм я унафэщІхэр, республикэм и нэхъыжьыфІхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэр.

«Псэ жыгым» деж щыІуащ илъэсищэкІэ екІуэкІа зауэжьым и уІэгъэр къэзыгъэятэж гъыбзэ-уэрэдхэр, художественнэ тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэ гуузхэр, гупсысэр блэкІам хэзылъэсэж шыкІэпшынэм и макъыр. Гъыбзэмрэ макъамэ гуузымрэ уапхыдэІукІрэ, щыгъуэ пэкІум хэтхэм я нэгум уиплъэмэ, къибджыкІырт гукъеуэ, Іэмалыншагъэ, гуауэ. Нэхэм щІэплъагъуэрт тхыдэм и нэпкъыжьэ. Псэхэм загъэщхъырт ди адэжьхэм я лІыгъэр ялъытэу. Ажалым и нэ бзаджэм илъэсищэкІэ щІэплъа лъэпкъым и щхьэр къызэриІэтыжам, уеблэмэ зэи зызэримыгъэщхъам лъэпкъыр уардэ зэрищІыр ядэплъагъурт жьыи щІэи...

ПэкІум хэтхэм захуигъэзащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**:

- Зэманыр блокІ. КъытхуемыплъэкІыххэу... БлокІ гущІэгъуншэу... Ныбжьэгъу лъапІэхэ, нобэ адыгэ лъэпкъым и Щыгъуэ махуэщ. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм я псэхэр зэрощІэ. Псэм телъ уІэгъэр псынщІэу кІыжыркъым. Ауэ цІыхур щІэцІыхур гукъэкІыж иІэн хуейщи аращ. ЗэплъэкІыжу и дыгъуасэм хэплъэфу щытыпхъэщ. Ди япэ итахэр я лІыхъужыгъэм ди щхьэр худогъэщхъ. Мы щыгъуэ пэкІум дыхэту, Тхьэм зыхудогъазэ: мы щІыналъэм зэи къыщремыхъуж апхуэдэ гуауэ! Зэманыр мэкІуатэ... Лъэпкъым гъащІэ еухуэ. Ди унагъуэхэм хуабагъэр, мамырыгъэр, гуапагъэр Тхьэм кърилъхьэ! - жиІащ абы.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ! Кавказ зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым и жьауэм дыщІэтщ нобэ. Ди тхыдэм зэи мыгъущыж и уІэгъэр дигу илъу дызэхуос. Ди лъэпкъым и фэбжьыр, зауэм хэщІыныгъэу къыдитар гуузщ. Ди лъэпкъым пщІым щыщу бгъур хэкІуэдащ е хэкум икІын хуей хъуащ. Илъэс куэдкІэ зыдэгъуэгурыкІуа урысей къэралыгъуэм, сыт и щхьэусыгъуэми, зауэ гуащІэ къыдищІылІэри, Кавказ щІыналъэр илъэсищэм щІигъукІэ хэтащ хьэзабым, - зыхуигъэзащ къызэхуэсахэм Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Иджыри зэ дроплъэж тхыдэм. Ярэби, Іэмал имыІэу пІэрэт а зауэр къэмыхъуу, ди лъэпкъым апхуэдиз хэщІыныгъэ имыгъуэту, дызэдэпсэуну, дызэдэгъуэгурыкІуэну... Апхуэдэ хэкІыпІэ гуэр щыІауэ пІэрэт атІэ, жаІэу тхыдэм ириплъэж щІэныгъэлІхэри щыІэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, блэкІам къыпхуегъэгъэзэжынукъым. Ди щІыналъэм икІа ди лъэпкъэгъухэр къэрал щэ ныкъуэм щІигъум ипхъащ нобэ. Хэкур ябгына нэужь, нэхъ щІыпІэ дыдж дыдэхэм, ущыпсэуну нэхъ гугъухэм къыщыхутэурэ гугъуехьрэ хьэзабу я фэм дэкІар къыпхуэІуэтэнукъым псалъэкІэ. Уи щхъуэфэцыр егъэтэдж абы теухуауэ дэ нобэ дызыщыгъуазэ къудейми. Ди лъэпкъым хузэфІэкІар, апхуэдиз хьэзабым пхырыкІыу зэрызихъумэжыфар лІыгъэ нэсщ. Ди бзэр, ди хабзэр, ди нэмысыр дэнэ щыпІэ щыІэми щахъумащ, дэнэ щІыпІи щаІэтыфащ лъэпкъ щІыхьыр, зыхыхьахэм къахэщыфащ фІыкІэ. БлэкІам дриплъэжкІэрэ, нобэ дегупсысын хуейщ къэкІуэнум. Сыт дэ абы хэтлъхьэфынур? Сыт хуэдэ ІуэхукІэ дыхэувэфыну? «Зэманым декІур лІыфІщ», щыжаІэр нобэрей дунейм ди напи адыгагъи тхъумэжу дыхэтыфын зэрыхуейрщ. Адыгэу дунейм тетым Хэку яхуэхъуну, ди бзи, ди хабзи нэсу щытхъумэжыну, дыщефІэкІуэну, щІэблэ къыщытщІэхъуэну, зэманым дыщыдекІуну Іэмал щыдиІэр ди щІыналъэрщ.

Мис куэд щІакъым ди республикэри, Адыгейри, Къэрэшей-Шэрджэсри илъэсищэ зэрырикъурэ! А гъуэгуанэм уриплъэмэ, ди нэхъыжьыфІ мыбы къинахэм Урысейм дэгъуэгурыкІуэныр, къэралым хуалэжьымкІэ щІыхь къахьыныр, къэкІуэнум щІэныгъэрэ ІэщІагъэкІэ хуэфащэу зыпсыхьыныр гъуэгуу къыхэзыха ди нэхъыжьыфІхэм Тхьэр арэзы къахухъу! Нобэ зи гуащІэ илъхэм ди дерсщ икІи ди фарзщ абыхэм къыхаха гъуэгур дгъэпэжыну, къэрал дызыхэтым лэжьыгъэкІи, щІэныгъэкІи, нэмыскІи зыкъыхэдгъэщыну. Ди анэдэлъхубзэмрэ ди нэмысымрэ тхъумэжу гъащІэр адэкІэ зэтезыублэн дыхъуну Тхьэм жиІэ!

Накъыгъэм и 21-р, ди Щыгъуэ-щІэж махуэм къыдэкІуэу, лъэпкъым дызэрыщыщыр, абы и тхыдэр тхъумэн, и блэкІар ди гум илъын, къэкІуэнум зыхуэтпсыхьын зэрыхуейр псом хуэмыдэжу щызу щызыхэтщІэ махуэщ.

Зауэжьым зи псэр хэзылъхьахэм папщІэ къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщІащ КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм и унафэщІ **Дзасэжь Хьэзрэталий**.

- Нобэ дигу къыдогъэкІыж ди щІыналъэм илъэсищэрэ зыкІэ щекІуэкІа зауэ шынагъуэр. Дигу къыдогъэкІыж абы хэкІуэда ди къуэшхэр, ди шыпхъухэр. Зауэм гузэвгъуэу дызыхигъэтамрэ лъэпкъым хэщІыныгъэу къыдитамрэ куэд мэхъу. Абы и гугъу ищІащ ди шынэхъыжь Сэхъурокъуэ Хьэутий. КъэкІуэнум дегупсысу адэкІэ ди лъэпкъыр зэрытхъумэнум, дызыхуэсакъыжыным, гъэпцІагъэкІэ дызэзыущтыну зи гуращэхэм зыкъедмыгъэгъэпцІэным сэри фыкъыхузоджэ, - жиІащ Дзасэжьым.

Дыуэ ящІа нэужь, дэнэ щыпІэ щыпсэу адыгэхэри дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ Кавказ зауэм хэкІуэда ди адэжьхэм. Абыхэм я фэеплъ «Псэ жыгым» удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ яхуэзащ республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр ДыщэкІ Аслъэнрэ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймуразрэ. ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм гъуэгу ухуэныгъэхэр зэрыщекІуэкІым.

МЫ ГЪЭМ зэгъэпэщыжыныгъэ программэм хагъэхьащ Каменскэм, КІыщокъуэм, Нэгумэм, Щорсым я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэр. Псори зэхэту абыхэм я кІыхьагъыр километри 8,5-м щІегъу. ЩыІэ жыпхъэхэм хуэкІуэу гъуэгум телъ асфальтыр зэрагъэпэщыж, зэрагъэнэху иджырей ІэмэпсымэхэР ягъэув, къэувыІэпІэхэр, гъуэгу дамыгъэхэр, къызэрыщІыхьахэр, лъэс зэпрыкІыпІэхэр, светофорхэр къагъэщІэрэщІэж.

ЕтІанэгъэ сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжыну я мурадщ уэрами 8, километр 11-м нэблагъэ я кІыхьагъыу. Машинэ щызекІуэ гъуэгур нэхъ бгъуэ ящІынущ, псы Іузыш ухуэныгъэхэмкІэ, уэздыгъэхэмкІэ къызэрагъэпэщынущ, лъэс зекІуапІэхэмрэ зэпрыкІыпІэхэмрэ зэрагъэпэщыжынущ. Тэрчокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым жьы хъуа инженер коммуникацэхэр щызэрахъуэкІынущ. Лэжьыгъэхэм яужь ихьэнущ 2026 гъэм и пэщІэдзэм.

Апхуэдэу унафэ къащтащ гъуэгу нэхъыщхьэхэм къедзылІа уэрамдэкІхэм илъэс къэс зэгъэпэщыжыныгъэхэр щегъэкІуэкІыныр Налшык къалэ и гъуэгухэм зегъэужьыным теухуауэ илъэситху пІалъэкІэ яубзыхуа программэм хагъэхьэну. Абы цІыхухэр зэригъэтыншыным къиищынэмыщІауэ, ар сэбэп хъунущ гъуэгу нэхъыщхьэхэм щызекІуэхэр нэхъ мащІэ хъунымкІэ.

Налшык зрагъэужь

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм лъэныкъуэ куэдкІэ зэрызрагъэужьыным теухуа Іуэхухэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймуразрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм зыщигъэгъуэзащ Долинск и щІыналъэр, апхуэдэуи къалэм и жылагъуэ щІыпІэу 12 зэІузэпэщ зэращІынум теухуауэ ягъэхьэзыра проектхэм.

Нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьащ 2-нэ Тамань дивизэм и уэрамым къыщызэІуахыну ТекІуэныгъэм и паркым и ухуэныгъэм и япэ Іыхьэхэр зэрагъэзэщІэнум. Ар мы илъэсым и кІэ пщІондэ зэІузэпэщ ящІын хуейщ. ЩІыналъэм и Іэтащхьэм къалэм и унафэщІым пщэрылъ щищІащ лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэрырагъэкІуэкІым, ар и чэзум зэрагъэзащІэм гулъытэ нэхъ хуищІыну.

КъБР-м и Парламентым щедэІуащ республикэм и бюджетыр 2024 гъэм зэрагъэзэщІам. Абы хэтащ депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм, жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм, щІыпІэ унафэр зехьэнымкІэ ІэнатІэхэм я лІыкІуэхэр.

Къалэнышхуэхэр къапэщылъщ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ зэІущІэр зэрыщхьэпэр, республикэм и ахъшэр нэгъабэ къызэрагъэсэбэпа щІыкІэмрэ мурадхэм зэралъэІэсамрэ къызэрапщытэфынур.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхъуэр 2024 гъэм сом мелард 62-рэ мелуан 405,5-рэ хъуащ, къигъэсэбэпар - сом мелард 63-рэ мелуани 162,8-рэ. ЗыхущыщІэу щытар сом мелуан 757,3-рэ мэхъу. Къэрал кІуэцІ щІыхуэр 2025 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу хъурт сом меларди 7-рэ мелуан 559, 7-рэ, - жиІащ Егоровэм. - 2024 гъэм гугъуехьхэр иджыри диІами, бюджетыр зэпІэзэрыту щытащ, социальнэ ІуэхутхьэбзэхэР псори, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, нэгъуэщІхэми ехьэлІауэ, цІыхухэм яхуэтщІэну тхуэзэфІэкІащ. А Іуэхугъуэхэм республикэм и бюджетым и процент 65,9-р тещІыхьауэ щытащ. КъыхэгъэщыпхъэщЖ курыт школхэр егъэфІэкІуэным, ахэр зыхуей-зыхуэфІкІэ къызэгъэпэщыным, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хегъэгъэхъуэным теухуа лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІэдгъэкІар. Ахэр сэбэп хуэхъунущ ди щІэблэм нобэрей зэманым декІуу заужьыным, щІэныгъэ кууи зрагъэгъуэтыным. Къэбгъэлъагъуэмэ, «КъБР-м егъэджэныгъэм зыщегъэужьыным и ІуэхукІэ» къэрал программэр гъэзэщІэным 2024 гъэм сом мелард 18-м щІигъу текІуэдащ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм зегъэужьынми нэгъабэ пытщащ. Медицинэ ІуэхущІапІэ зыбжанэ яухуащ, иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ ахэр къызэрагъэпэщащ. Абы хуэгъэзауэ щытащ сом меларди 10-рэ мелуан 440-рэ.

Егоровэ Татьянэ щхьэхуэу къытеувыІащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм защІэгъэкъуэным ехьэлІауэ зэфІагъэкІым. Абы зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ апхуэдэхэм зэрадэІэпыкъуам сом меларди 2-рэ мелуан 472-рэ ихьащ. Абы щыщу зы меларДрэ мелуан 809-р дзэм къулыкъу щызыщІэхэм зэуэ ират ахъшэрщ. Социальнэ дэІэпыкъуныгъэр абыхэмрэ я унагъуэхэмрэ ялъэгъэІэсыным тещІыхьауэ щытащ сом мелуан 663-р. «Зи гугъу тщІым и ІуэхукІэ ди лэжьыгъэр нэхъри щІэдгъэхуэбжьэн хуейщ. Ди лІыхъужьхэм я узыншагъи я гъащІи емыблэжу Хэкум и шынагъуэншагъэр яхъумэ. Абы къыхэкІыу дэ ди къалэнщ езыхэми абыхэм я унагъуэхэми сыт и лъэныкъуэкІи дадэІэпыкъуну», - къыхигъэщащ Егоровэм.

Апхуэдэуи абы жиІам дыщІигъуащ щІыналъэм и зыужьыныгъэм ахъшэ къыхэзылъхьэфынухэр къешэлІэным и лъэныкъуэкІэ, хьэрычэт Іуэхум зегъэубгъун папщІэ, республикэ ахъшэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпа хъун щхьэкІэ хабзэхэр егъэфІэкІуэным Іэмал имыІэу дяпэкІи иужь ахэр зэритыпхъэр.

Республикэм и социально-экономикэ щытыкІэр 2024 гъэм зыхуэдам теухуауэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Белецкая Ольгэ** къыщыпсалъэм жиІащ, илъэсыр гугъуу щытами, щІыналъэм и экономикэм хэхъуэ зэриІар, ВРП-р нэгъабэ сом мелард 325,5-рэ зэрыхъуар. Промышленностми ехъулІэныгъэхэр щыдиІащ - проценти 121,4-рэ. Ар Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм япэ ит бжыгъэщ, Урысейм щыетІуанэщ. Мэкъумэш ІэнатІэм къитащ сом меларди 110-рэ мелуан 700-рэ. Къэпсэльам къызэрыхигъэщамкІэ, нэгъабэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу Іуахыжам хуэдиз иджыри къэс республикэм иІакъым - тонн зы мелуанрэ мин 27-рэ 300-рэ (процент 30,7-кІэ нэхъыбэщ 2023 гъэм нэхърэ) къыпачыжащ. 2024 гъэм инвестицэ проекти 7 ягъэзэщІащ, сом меларди 5 хуэзэу. Апхуэдэуи лэжьыгъэ ІэнатІэ 70-м нэс къызэрагъэпэщащ. «Экономикэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ туризмэм зэрызиужьым. 2024 гъэм ди щІыналъэм зыщызыгъэпсэхуар цІыху зы мелуанрэ мин 800-м щІигъуащ. ЗэрыхуэдгъэфащэмкІэ, абыхэм я бжыгъэр 2025 гъэм и кІэм цІыху мелуани 2-м нэсыфынущ. Хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ защІэгъэкъуэнри Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм сыт щыгъуи ящыщщ. 2025 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу, апхуэдэ лэжьакІуэу республикэм иІэр мин 22-рэ 629-рэ мэхъу. Абы щыщу мини 5-рэ 850-р ІуэхущІапІэщ, мин 16-рэ 779-р зи щхьэ хуэлэжьэж хьэрычэтыщІэщ», - пищащ Белецкая Ольгэ. Абы зэрыжиІамкІэ, 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ику иту къыщахь улахуэр сом мин 46-рэ 808-рэ хъууэ щытащ (процент 16-кІэ нэхъыбэщ 2023 гъэм нэхърэ). ЛэжьапІэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуми и гугъу ищІащ абы - лэжьапІэ лъыхъуэу нэгъабэ зезыгъэтхар цІыху мини 2-м тІэкІу щІигъуу арщ.

Лъэпкъ Іуэхухэр зэрагъэзащІэм и фІыгъэкІэ, республикэм курыт еджапІэщІэу 6 щаухуащ, Налшык къалэм Мыл уардэунэр къыщызэІуахащ, щэнхабзэмкІэ унэхэмрэ спорт пэшхэмрэ зыхуей хуагъэзащ, цІыхухэр къалэм къыщезышэкІ автобусу 44-рэ, медицинэ ІуэхущІапІэхэм папщІэ автомашинэ 20 къащэхуащ, нэгъуэщІхэри.

Къэбгъэлъагъуэмэ, улахуэр тыным тещІыхьауэ щытащ республикэ бюджетым и Іыхьэ щанэр. Дызэрыт илъэсым абы хагъэхъуащ сом мелардищ. КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лисун Еленэ** зэрыжиІамкІэ, улахуэр тыным нэгъабэ текІуэдар псори зэхэту сом мелард 20,6-рэ мэхъу. Илъэс еплІанэ хъуауэ бюджет ІуэхущІапІэ Іутхэм я улахуэм проценти 10 хэгъэхъуэным теухуа унафэм тету ар ягъэзащІэ. Нэгъабэ субсидиехэмрэ субвенцэхэмрэ нэхъыбэу зыхуаутІыпщар егъэджэныгъэ ІэнатІэрщ - сом мелард 18-рэ мелуан 458-рэ.

Республикэ ахъшэм щыщ хуаунэтІащ Налшыкрэ Тырныаузрэ псыр зыгъэкъабзэ я ухуэныгъэхэм, Бахъсэн псыжапІэм, лыщ узыфэм щыпэщІэт сымаджэщым, Театрхэм я унэм, республикэм и щыхьэрым щауххуэ поликлиникэр ухыным.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкІэ, налогхэмрэ финанс ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ **АфэщІагъуэ Михаил** бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ къыщыпсалъэм жиІащ республикэм къилэжьым хэзыгъэхъуэфыну ІэнатІэхэм мэкъумэшыр, туризмэр, налогхэр зэращыщыр. «КъБР-м и Іэтащхьэм и Зэрызыхуигъазэм къыщигъэлъэгъуа къалэнышхуэхэм ящыщщ республикэм езым и хэхъуэр - сом мелард 40-м, щІыналъэм къилэжьыр (ВРП-р) сом мелард 700-м нэгъэсыныр. Ар лэжьыгъэшхуэщ, ауэ мы зэманым дызыхэт гъэунэхуныгъэхэр къэплъытэмэ, ахэр зэрызэдгъэхъулІэнум ди къару псори етхьэлІэн хуейщ», - къыхигъэщащ АфэщІагъуэм.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІ **КІасэ Динэ**, Урысейм и ФНС-м и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Акаевэ Светланэ** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЩIалэгъуалэр мыщхьэрыуэн папщIэ

Хэкупсэ гъэсэныгъэ

«Хабзэкlэ цlыхубэм къадеклуэкl динхэр иджырей нацизмэмрэ мажусиигъэм и лlэужьыгъуэщlэхэмрэ зэрапэщlэтыр» - ар зи фlэщыгъэ Щlалэгъуалэ форум Налшык щызэхэтащ накъыгъэм и 19 - 21-хэм.

ЗЭХУЭСЫШХУЭР къызэригъэпэщащ Iэбу Хьэнифэ и цlэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым (КИИУ), КъБР-м и муслъымэнхэм я Iуэхущlапlэр, Ислъам щэнхабзэм, щlэныгъэм, егъэджэныгъэм защlэгъэкъуэнымкlэ фондыр, Пятигорск дэт къэрал университетым Урысейм хабзэкlэ щызеклуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапlэныгъэхэр хъумэнымкlэ центрыр и гъусэу. Абы кърихьэлlащ зи цlэ къитlуа еджапlэ нэхъыщхьэхэм я егъэджаклуэхэр, студентхэр, дин лэжьаклуэхэр, щlалэгъуалэм я гупсысэкlэр захуагъэм тетыным кlэлъыплъ къэрал лэжьаклуэхэр. Махуищкlэ зэхэта форумым и зэlущlэ нэхъыщхьэм къыщаlэта псалъэмакъхэм кlэщlу щыгъуазэ фытщlынщ.

Зэхуэсыр къызэlуихащ икlи иригъэклуэклащ КИИУ-м и ректор Шыбзыхъуэ Мурат. Зэманым зэрызихъуэжым къыдэклуэу, хабзэкlэ цlыхухэм къадеклуэкl лъапlэныгъэхэм къебгъэрыклуэхэр куэд зэрыхъум къыхэкlкlэ, ахэр щlалэгъуалэм ягу къэгъэкlыжын, абыхэм я уасэр къагурыгъэlуэн зэрыхуейм ирипхащ ректорым къызэхуэсахэм зэрызахуигъэза егъэблагъэ псалъэр. Къурlэн лъапlэм щыщ lэятхэм къеджащ ислъам университетым и егъэджаклуэ Сэбаншы Мухьэдин.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я lуэхущlапlэм и унафэщl, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ щlалэгъуалэр бэлэрыгъыгъуафlэ щlэхъур абыхэм я адэ-анэхэм lиманышхуэ зэрабгъэдэмылъым, я быным жраlэн зэрамыlэм къызэрыхэклыр. «Утыкум кърахьэ шыпсэхэр занщlэу къыщlапхъуатэр езыхэм лъабжьэ зэрамыlэрщ, ар и лъэпкъым теухуа щlэныгъэ, къэралым и тхыдэ, къызыхэкlа диным и тегъэщlапlэ ирехъу. Аращи, хэти къыжриlэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, я фlэщ хъуну хьэзырхэщ. Фэ фыкъызытехъуклахэр щlэныгъэншэт, ахэр ислъамым и пхэнжырщ зытетар къызэрыжраlэу, псори я фlэщ мэхъу. Дин гъэсэныгъэ узыншэм щlапlыкlа ныбжьыщlэр апхуэдэ гупсысэ утхъуахэм ириудыфынукъым, аращи, къыдэклуэтей щlэблэм я гъэсэныгъэм нэхъ набдзэгубдзаплъэу дыхущывгъэт».

Зэхуэсым и лэжьыгъэр купщафlэ хъуну ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм и зиужьыныгъэмрэ информацэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщl Текуев lэмырбий.

«Гупсэхуу седэlуащ ди муфтийм и псалъэхэм, - жиlащ лъэпкъ lуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкlэ министр Клурашын Анзор. - Хэплъхьэжынуи хэбдзынуи зы псалъэ хэткъым. Си щхьэкlэ зыкъэсщтэжмэ, сытым дежи си анэшхуэм и дуней тетыклампэ абы жиlэу зэхэсхахэмрэ си нэгум щlэтщ, си тхьэклумэм итщ. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм игъащlэ лъандэрэ къадеклуэкl а хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ къыпхыклар иджырей гупсысэ пхэнжхэм дахьэхынукъым».

Зэхуэсым хэтхэм хъуэхъу псалъэкlэ зыхуэзыгъэзахэм ящыщщ Налшыкрэ Пятигорскрэ щыщ чыристанхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl Бобылёв Валентин. «Мы гъэм дэ дгъэлъэпlащ ди къэралым Хэку зауэшхуэм къыщихьа Теклуэныгъэшхуэр илъэс 80 зэрырикъуар. Абы и мыхьэнэр пэжу къыдгурыlуапхъэщ. Дуней псом ягу къэгъэклыжын хуей мэхъу Урысейм къарукlэ, lэщэкlэ узэрыпэмылъэщынур. Ар езыхэми ящlэри, иджы ди щlэблэм я гупсысэкlэр ягъэутхъуэну мурад ящlащ. «Неонацизм», «неоязычество» жыхуаlэ идеологиещlэхэр къыщежьар иджыкъым. Зы лъэпкъыр адрейм нэхърэ нэхъ лъагэу, абы зыщlыхиlэтыклын щхьэусыгъуэ иlэ хуэдэу пхызыгъэклын щlэзыдзауэ щытар Гитлерщ. Абы и гупсысэклэрщ Украинэм къыщагъэщlэрэщlэжауэ Урысейм щыпсэухэм я чыристан диным къызэреныкъуэкъур. «Неоязычество» жы- хуаlэр зищlысыр сыт жыпlэмэ, ар урысхэм я къэралыгъуэр зытет православ диным ягу щагъэклын папщlэ, «родноверие» фlащауэ, пасэрей хабзэжьхэр, Урысейм чыристан диныр къищтэн ипэкlэ зытетахэр къызэрагъэщlэрэщlэжырщ. Мес, морацщ фэ урыс дыдэ фызыщlыр, армыхъумэ грекхэм къахьа чыристаныгъэракъым жаlэу. «Урыс фашизмэщlэ» жыхуаlэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, тегъэщlапlэ хуэхъур арацщ. Абыхэм гъуэгуи лъабжьи зэрамыlэр щlалэгъуалэм къагурыдгъэlуэн хуейщ».

Гъунэгъу щlыналъэхэм къикla хьэщlэхэми зыхуагъэзащ форумым егъэблагъэ псалъэкlэ. Абыхэм ящыщт Ставрополь крайм дэт мыдрисэм и егъэджаклуэ Корохоев Магомед, lэбу Хьэнифэ и цlэр зезыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс ислъам институтым и егъэджаклуэ Семёнов Магомед, Ингуш Республикэм и Сунжэ къалэм дэт ислъам институтым и егъэджаклуэ Евлоев Алихъан, Шэшэным щыlэ, Кунтэ-хьэжы и цlэр зезыхьэ Урысей ислъам университетым и егъэджаклуэ Дурдишев lэхьмэд, Ислъам щэнхабзэмрэ щlэныгъэмрэ защlэгъэкъуэнымкlэ фондым и лlыклуэ Аймалетдинов Айрат сымэ. Дэтхэнэ зыми я еджапlэхэм я унафэщlхэм я сэлам гуапэ къызэхуэсахэм къыхуахьащ, къызэрырагъэблэгъам папщlи къызэгъэпэщаклуэхэм фlыщlэ хуащlащ.

Адэкlэ зэхуэсым къыщыпсэлъахэщ ищхьэкlэ зи цlэ къыщитlуа Пятигорск дэт университетым и егъэджаклуэхэр. Осипов Станислав и докладым кууэ щызэпкърихащ Украинэм зыкъыщызыlэта бандеровецхэм я лъабжьэр къыщежьэри, ахэр Хэку зауэшхуэм иужькlэ Канадэмрэ Германиемрэ lэпхъуауэ, иджы я щlэблэм ди къэралыр къызэрагъэутхъуэри, цlыхур цlыху зыщlыж, ар адрейхэм яхуэзыгъадэ, хабзэкlэ цlыхубэм къадеклуэкl динхэр а псом зэрапэщlэтри. «Сталиным и коммунизмэм дызэрыпэщlэувэн гупсысэкlэрщ дэ дызытетыр», - жаlэ хуэдэурэт Гитлер и телъхьэхэр къызэрежьар. Нобэ а тхыдэ напэклуэцlхэм уахутепсэлъыхьмэ, а тlури цlыхум залымыгъэ езых гуэру, коммунизмэри гитлеризмэри зэрызэщхьэщыклышхуэ щымыlэ хуэдэу къагъэлъагъуэ, тlури фашизмэм ирапхыну хэту. А псоми я зэхэгъэклыпlэр зыщ: зы цlыхур адрейм зэрыхущытыр. «Сэ уэ нэхърэ нэхъыфlу зыкъыщlэслъытэжын гуэр збгъэдэлъщ» жозыгъэlэ фашизмэм дауэ, минрэ уи гупсысэклэм темыхуэми, ди къэралым щызеклуа идеологиехэр зэребгъэщхьынур? Хьэмэрэ «родноверие» жаlэу къэрахьэжьа, Библиер къэгъэнауэ, «Велес и тхылъ» жыхуаlэм деж дгъэзэжыным дыкъыхуезыджэр нэхъ щlагъуэ? Ди къэралым щыпсэухэр абыкlэ дызэраушыну хуейуэ аращ. Нобэ дызытет динхэм, ар ислъам е чыристаныгъэ ирехъу, зыр адрейм дыпэщlигъэувэркъым. Лlэщlыгъуэ бжыгъэ хъуауэ зетхьэ динхэм цlыхугъэр я тегъэщlапlэщ, абыхэм фэкlи, бзэкlи, лъэпкъкlи зэмыщхьхэр дызэкъуагъэувэ. А зэкъуэтыныгъэр ди къэралым щыпсэухэм къыттрахын папщlэщ а псори къыщlаулъэпхъэщыжыр».

Пятигорск университетым щолажьэ «Зэманым и псыежэх» клуб. Абы еклуалlэхэр тхыдэми щэнхабзэми утыку къыщрахьэ лэжьыгъэхэм щытопсэлъыхь, еплъыкlэ зэмыщхь зиlэхэр «щызодауэ». А клубым и лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ зи гугъу тщlа Центрым и лэжьаклуэ, Пятигорск университетым и егъэджаклуэ Каспарян Константин. Хэку зауэшхуэм къыщахьа Теклуэныгъэм и мыхьэнэм ди къэралым щыпсэу псори зэрызэкъуигъэувэр ялъагъурти, абы и пщlэм кlэрагъэхуну, ар Америкэм къахуихьа хуэдэу къагъэлъэгъуэну зэрыхэтым тепсэлъыхьащ Пятигорск университетым и егъэджаклуэ Колесников Илья.

Ищхьэкlэ зи гугъу щытщlа егъэджаклуэхэр неофашизмэмрэ мажусиигъэм и лlэужьыгъуэщlэхэмрэ щытепсэлъыхьым, тегъэщlапlэ ящlар къэралым и тхыдэмрэ чыристаныгъэмрэщ. Гупсысэкlэ пхэнжхэм ислъамым япэщlигъэувэ гупсысэхэр утыку къырихьащ КИИУ-м и егъэджаклуэ, муфтийм и къуэдзэ Сыжажэ Алим. Къурlэн лъапlэми хьэдисхэми lупщlу къахощ муслъымэн диным пагагъэр зэримыгъэдахэр, «джихад» жыхуаlэ псалъэри зытеухуар аращ. Нэхъыбэм ар бийм къаруклэ пэщlэтыным хуахь щхьэкlэ, Бегъымбар лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам щэхьабэхэм яжриlауэ щытар дощlэж: «Джихьад цlыклум фыкъиклыжащи, иджы джихьадышхуэм феувалlэ». «Абы къригъэклар щхьэж ди цlыхугъэм емызэгъ, зыхэтlэты-клыну дыкъыхуезыджэ шейтlанымрэ цlыхум и псэ щхьэзыфlэфlымрэ дапэщlэт зэпыту дыпсэун зэрыхуейрщ, - жиlащ Сыжажэм. - Нобэ «хабзэкlэ къеклуэкl дин зехьэкlэ» щыжытlэм деж, апхуэдэ щыlэкъым жаlэ. Арщхьэкlэ диныр къыщежьар хьэрып щlыналъэрами, ар щызэрахьэ щlыпlэм, зезыхьэ лъэпкъым, абы и дуней тетыклэм и нэпкъыжьэ къытренэ сыт щыгъуи ислъамым. Лlэщlыгъуэклэрэ ди адэжьхэм зэрызэрахьам ар лъэпкъ дин зехьэкlэ ищlаклэщ. «Хьэрыпыр мыхьэрыпым нэхърэ зыкlи нэхъыфlкъым, и тхьэшынагъэр мынэхъ инмэ», - жиlэгъауэ щытащ Бегъымбар лъапlэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам. Мыбдежым «хьэрып» псалъэм и пlэкlэ сыт хуэдэ лъэпкъыцlэри ибгъэувэ хъунущ. Зыр адрейм нэхърэ нэхъыфl, нэхъ лъагэ дызыщlынкlи хъунур ди lиманырщ, ауэ щыхъукlэ, lиман куу зыбгъэдэлъым зэи сэ уэ нэхърэ сынэхъыфlщ жиlэнукъым».

Зэlущlэм и клэухым Пятигорск университетымрэ КИИУ-мрэ зи щlэныгъэр щыхэзыгъэхъуа егъэджаклуэхэм я дипломхэмрэ ирагъэджэну хуит зыщl дэфтэрхэмрэ иратыжащ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Уи гур хагъахъуэу икlи хагъэщlу

Хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щрагъэкlуэкl накъыгъэм и 21-м траухуэ зэlущlэ зэмылlэужьыгъуэхэр.

АПХУЭДЭУ, Щыгъуэ махуэм ипэ къихуэу, Налшык дэт къалэ библиотекэ нэхъыщхьэм къыщызэlуахащ тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ. lуэхущlапlэм щеджэ и пэшым и унафэщl Къаныкъуэ Иринэ щыгъуазэ дызэрищlамкlэ, библиотекэм иlэщ къэралым и къалащхьэм, нэгъуэщl и щlыпlэхэм къыщыдэкla тхылъу Кавказ зауэм теухуа куэд, ауэ а lуэхугъуэр щызэпкърыхахэм я нэхъыбэр дунейм къыщытехьар ди дежщ. Етlуанэхэм ящыщхэр, къанэ щымыlэу, тетт тхылъ дапхъэм, «Кавказ зауэр. Тхыдэ напэклуэцlхэр» зыфlащам.

Ирини пэшым и библиотекарь нэхъыжь Ансокъуэ Марини жаlащ щlэблэр тхыдэ lуэхугъуэхэм щагъэгъуэзэн папщlэ я зэмани я къаруи зэремыблэжыр, абыхэм еджэ куэд зэрахэтымкlи шэсыпlэ зэрихьэфынур. Тхылъ къыщащтэ, еджэ къудей мыхъуу, мис мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэмкlэ, зэlущlэ гуапэхэмкlэ, уеблэмэ фильм гъэщlэгъуэнхэр ирагъэлъагъуурэ къыдахьэх абыхэм щlалэгъуалэр. «Япэм художественнэ литературэ нэхъ еджэу щытамэ, иджы ныбжьыщlэхэр психологием, цlыхум и зэхэщlыклым зэрызиужьым, нобэрей гъащlэм ухэзэгъэн папщlэ щlэн хуейхэм, щlэныгъэу зэгъэгъуэтыпхъэхэм, нэгъуэщlхэми ятеухуа тхылъхэр нэхъ яфlэгъэщlэгъуэнщ. Итlанэ зэплъа таурыхъ е фильм гуэрыр къызытращlыкla тхыгъэхэм еджэну къыхудоджэ зрагъэпщэн, а тlум щхьэхуэныгъэу яlэр езыхэм къазэрыщыхъунур къащlэн папщlэ. Сэбэп мэхъу», - жаlэ Иринэрэ Маринэрэ.

Тхылъ гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэр зэпытплъыхьу дыщытыхукlэ библиотекэм къыщlыхьащ Москва къикlауэ Налшык и зыгъэпсэхупlэхэм ящыщ зым щыlэ зэщхьэгъусэхэр. Абыхэм жаlащ Налшык ягу зэрырихьыр, къытрагъазэурэ къызэрыклуэр, щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, я литературэм, гъуазджэм нэlуасэ хуэзыщl lуэхущlапlэхэр, зэlущlэхэр зэрызрагъэлъагъур, Кавказ зауэм теухуа тхыгъэ зыбжанэ къазэрыпэщlэхуар.

Абы дыкъыщlэклыжри, Щlалэгъуалэм я библиотекэ Мечиев Кязим и цlэр зезыхьэмкlэ дунэтlащ. Гуапэу къытlущlащ и лэжьаклуэхэр. Абыхэм я хьэщlэт промышленностымкlэ колледж Налшык дэтым и студентхэр. Адыгэ лъэпкъым и Щыгъуэщlэж махуэм траухуа, «Память прошлое хранит» зыфlаща литературэ-макъамэ пшыхьыр иригъэклуэклащ lуэхущlапlэм и лъахэхутэ къудамэм и библиотекарь нэхъыжь Клэщт Рузаннэ.

Ар илъэсищэрэ зыкlэ еклуэкla, адыгэ лъэпкъым лъапсэрыхыр къыхуэзыгъэклуа Кавказ зауэм мащlэу и гугъу ищla иужь, жиlар ирищlагъэбыдэми ярейуэ, «Черкес» документальнэ фильм къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ. Зэlущlэр езыгъэклуэкl Рузаннэ: «Зэпэщlэувахэм я зэхуаку къыдэхъуэ губжь ямылейм хэтклухь хуэдэт щlызэзауэм и мыхьэнэр. Адыгэхэм я къуаншагъэр я хэкур, я Кавказыр фlыуэ зэралъагъурт, ауэ а тlум нэхърэ нэхъыфlыжу ялъагъуи щыlэт - щхьэхуитыныгъэр», - щыжиlэкlэ, пэшым щlэсыр мэумэзэх, пэжым lэкlэ зэрытеlэбар къыуигъащlэу.

«А ныне останется память» зыфlаща тхылъ гъэлъэгъуэныгъэри гъэщlэгъуэнщ, абыи къыщыхьащ лъэпкъым гуауэ хьэлъэу къыхуэна зауэ мыгъуэжьым теухуауэ зэман зэхуэмыдэхэм тхаклуэхэм я lэдакъэ къыщlэкla лэжьыгъэ купщlафlэхэр.

Дыщыгъуэу, зыщыдмыгъэгъупщэу ди гум илъу, ауэ адэкlэ дыбакъуэрэ ди щlэблэр еклуу къызэрыдгъэхъуным иужь диту лъэпкъыр игъащlэкlэ псэуну!

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Блэкlам къэгъазэ иlэкъым

Адыгэхэм я Щыгъуэ махуэм теухуа зэхыхьэхэр республикэм и къалэхэм, къуажэхэм, районхэм щlэщыгъуэу, гукъинэжу щызэхэтащ. Махуэшхуэм хухаха, адыгэ уэрэдыжьхэр щагъэзащlэ «Си Хэку - си уэрэд» фэеплъ-гукъэклыж пшыхь нэхъыщхьэр «Псэ жыгым» деж щрагъэклуэклащ. Ар къызэрагъэпэщащ Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 161-рэ щрикъум ирихьэлlэу. Абы зыкърагъэхьэлlащ ди республикэм исхэм, гъунэгъу щlыналъэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм, ди зэкъуэтыныгъэр, зэкъуэшыныгъэр нэхри ягъэбыдэн мурадкlэ хэкум къеклуэлlэжахэм.

КъБР-м щlыхь зиlэ и артист, адыгэ фащэ еклур къызыщыпс Хьэмырзэ Ахьмэд зэхуэсахэм фlэхъус гуапэ яриха нэужь, жиlащ гъэ къэси, Щыгъуэ махуэм ирихьэлlэу, «Псэ жыг» фэеплъым деж зэлъэпкъэгъухэр зэрыщызэхуэсыр, хуитыныгъэм, Хэкум папщlэ зи псэ зытахэр зэращымыгъупщэм и нэщэнэу. Ар гупсэхуу къеджащ Бемырзэ Мухьэдин итха «Адыгэ лъэпкъым и lэпкълъэпкъ пщыклутl» усэм.

- Блэкlам къэгъазэ иlэкъым, блэкlам кlэлъыджэркъым, ауэ икlи ар зыщагъэгъупщэркъым. Нэщхъеягъуэ зиlэм адыгэр щыхуэгузавэкlэ, «Тхьэм пщимыгъэгъупщэкlэ», щlыжиlэр апхуэдэ щхьэусыгъуэщ. Ныщхьэби ди блэкlам дыщриплъэж пшыхьщ. Адыгэм и тхыдэр шыклэпшынэм къикl макъымрэ джэгуаклуэжьым иуса гъыбзэмрэ хъэрэмэхъищэу хэухуэнащ. Кавказ зауэжьым я хэку яхъумэу, я щхьэхуитыныгъэ щlэзэууэ хэклуэдахэм, Истамбылаклуэм ихьахэм, хамэщlыр бэн зыхуэхъуахэм я псэр дунеягъэкlэ Тхьэм къимыгъэхъуапсэкlэ, - жиlащ Хьэмырзэ Ахьмэд.

Клэхумахуэ Фатlимэ къеджащ Махуэлl Нарзан и lэдакъэщlэкl «Куэдыщэ игъэващ си адэжь лъахэм» усэм. Уэрэджыlаклуэ Хьэкъул Оксанэ «Истамбылаклуэ» уэрэдымкlэ абы къыпищащ.

Зэхыхьэм лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу къеклуэлlахэм уащыхэплъэкlэ, адыгэ лъэпкъым гъуэгуанэ гугъу къикlуами, и хабзэр, и бзыпхъэр, и бзэр, и нэмысыр зэрихъумэжар нэрылъагъут. Зэхуэсахэр хъуахъуэрт блэкlам кlэлъымыгъыу, къэклуэнум хуэлажьэу, ди бзэмрэ хабзэмрэ тхъумэжу, ди лъэпкъ жыгым тхьэмпэщlэ къыпыкlэ фlэкla и къуэпсыр мыгъуу къиклуа илъэс мин бжыгъэм къыпищэу адыгэ лъэпкъыр дяпэклu псэуну.

Адыгэхэм ди Щыгъуэ махуэм теухуа фэеплъ пшыхьыр ягъэбжьыфlащ республикэм и уэрэджыlаклуэ нэхъыфlхэм ящыщхэу Бэч Азэмэт, Шэрджэс lэсият, Дыщэкl Артур, Шыклэбахъуэ Ислъам, Щокъуий Мурат, Дау lэминэ, «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Кавказ» ансамблхэм, шыклэпшынауэ Еуаз Зубер, пшынауэ Чылар Нэсрэн, Пlаз Фатlимэ, нэгъуэщlхэми. Абы щыlуащ адыгагъэм, Истамбылаклуэм, анэдэлъхубзэм теухуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ. Истамбылаклуэ гъуэгуанэм теклуэдахэм, хы Фlыцlэжьым игъэпщклуахэм я псэм лъысын папщlэ, жьэрымэ пщтыр кърихьэлlахэм lуагъэхуащ. Пшыхьыр и клэм щынэблагъэм, шэху уэздыгъэхэр пагъэнащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

lэщlагъэм зыхагъэгъуазэ

«Пэрытхэм я зэщlэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща «МедиаПритяжение» урысейпсо проектым и щlыналъэ lыхьэр Налшык къалэ щеклуэклащ. Зэпеуэ жыпхъэм ит а егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ lуэхур зыхухэхар журналист, блогер, видеомейкер, дизайнер ныбжьыщlэхэмрэ курыт еджапlэхэм щыlэ медиа центрхэм еклуалlэхэмрэщ. Щlалэгъуалэм я зэфlэкl щагъэлъагъуэ «Журналистикэ», «Видеопродакшн», «Медиацентр», «МедиаПедагог», «Развитие SoftSkills», «Блогинг», «Фото», «Дизайн», «Кино», «Ораторское мастерство» унэтlыныгъэхэм.

ДИ республикэм щеклуэкla lуэху щхьэпэм и lыхьэ нэхъыщхьэр къыщызэрагъэпэщар КъБКъУ-м и «Альтаир» центрырщ. Абы къыщызэхуэсащ медийщик ныбжьыщlэхэмрэ абыхэм я гъэсаклуэхэмрэ.

Гъэсаклуэхэмрэ экспертхэмрэ зыхэта зэlущlэм щытепсэлъыхьащ медийщик ныбжьыщlэ нэхъыбэ lуэхум къыхэшэным, дегъэхьэхыным теухуауэ щыlэ хэкlыпlэхэмрэ абы я щlэныгъэм, lэзагъым хагъэхъуэныр къахуэгъэпэщынымрэ. Апхуэдэуи щlыналъэ медийнэ lэнатlэм зэрызегъэужьын хуей щlыклэхэр утыку кърахьащ. Гъэхуауэ гупсысэр къэlуэтэнымкlэ, цlыхубэм я пащхьэ дахэу къыщыпсэлъэнымкlэ тренер, режиссёр-постановщик, театр студием и къызэгъэпэщаклуэ Овдиенкэ Юлие къызэхуэсахэм яхуиlуэтащ медийнэ контент лъэрызехьэ пщlын щхьэкlэ узэлэжьыпхъэхэм.

Гъэсаклуэхэри езыхэм я lэзагъымкlэ, ирагъэклуэкl лэжьыгъэм и пlалъэмкlэ ядэгуэшащ ныбжьыщlэхэм. Абыхэм къызэрыхагъэщамкlэ, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ медиа lэнатlэм щылэжьэфын куэд щыlэщ, ауэ иджырей зэманым деклу, бжыгъэхэр зи лъабжьэ lэмэпсымэхэм хуэныкъуэщ. Ди хэгъэгум утыку зэмылlэужьыгъуэхэм къыщызэlуах зи щlалэгъуэхэм я гупсысэхэмрэ lуэхущlафэхэмрэ гъащlэм хапщэнымкlэ сэбэп хъуну утыкухэр.

Зэlущlэм мастер-классхэр щеклуэклащ, щхьэж дэзыхьэхым хуагъасэу, lэщlагъэм и щэхухэр ирагъащlэу. Къищынэмыщlауэ, зэпеуэм хэтахэм ягъэхьэзыра проектхэр утыку кърахьащ. Псалъэм къыдэклуэу жыпlэмэ, Каменномост дэт етlуанэ курыт еджапlэм и еджаклуэ Къармэ Даринэ и классэгъухэр и гъусэу проектым хэтащ. Пщащэм зэрыжиlэмкlэ, «Пэрытхэм я зэщlэхъееныгъэм» зэрыхыхьэрэ езым хуэдэ ныбжьыщlэ жыджэрхэр къызэрыкъуэтыр, абыхэм щапхъэ зэратрихыр хуабжьу сэбэп къыхуохъу апхуэдэ lуэхухэм, зэпеуэхэм хэтыным тегушхуэнымкlэ. А махуэми апхуэдэ къару къызэкъуихри и гупсысэр утыку кърихьэфащ.

Медийщик ныбжьыщlэхэр яфlэгъэщlэгъуэну епсэлъащ, упщlэхэр иратащ «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман» республикэ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Бжьахъуэ Ранетэ, Жыласэ Заурбэч, Конаков Хьэсэн, РИА «Кабардино-Балкария» агентствэм и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Азнор сымэ.

Зэlущlэм и клэухым къызэхуэсахэм захуигъэзащ «Пэрытхэм я зэщlэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыпш Аслъэн.

- Дызыхэпсэукl зэманым медиа lэнатlэм увыпlэшхуэ щеубыд. Фэ къэклуэнум фрилlакъуэщ жыпlэмэ, ущыуэнукъым, хэкум и пщэдейр зэлъытар фэращи. Нобэ щlэныгъэ, lэзагъ, гъэсэныгъэ зэрызэвгъэгъуэтыным иужь фитын хуейщ ди къэралым и къэклуэнур фlы, дахэ, еклу хъун, зиужь зэпыту къэгъуэгурыклуэн папщlэ. Абыкlэ щапхъэ зытефхыни фызэчэнджэщыни диlэщ, - жиlащ Шыпшым.

Зэпеуэм ещанэ увыпlэр къыщихьащ Бахъсэн щlыналъэм къикla гупым, етlуанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Май къалэм щыщхэм, япэ увыпlэр яубыдащ Налшык къалэ дэт 9-нэ курыт еджапlэм и еджаклуэхэм.

Гран-прир хуагъэфэщащ Тэрч районым къикla ныбжьыщlэхэм. Ахэращ федеральнэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щигъэлъэгъуэну дзыхь зыхуащlар.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Гуп лъэщу зэкъуэту

УФ-м и Президент Путин Владимир Курск областым щыlащ. Къэралым и Унафэщlыр яхуэзащ щlыналъэм и губернаторым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Хинштейн Александр, областым хыхьэ хэгъэгухэм я унафэщlхэм, щlыпlэм щылажьэ волонтерхэм, апхуэдэуи зригъэлъэгъуащ абы щаухуэ АЭС-2-м лэжьыгъэр зэрыщеклуэклыр.

ПРЕЗИДЕНТЫМ волонтерхэм фlыщlэ яхуищlащ щытыкlэ гугъум къихута цlыхухэм дэlэпыкъуэгъу зэрахуэхъум папщlэ икlи лъыхъуэгъэ зыхэлъ lуэхур ядигъэпсынщlэу зэрыхъуклэ зэрызащlигъэкъуэнур яжриlащ. Зэlущlэм щытепсэлъыхьащ Украинэм lэщэкlэ зэщlэузэда и къарухэм Хэку зауэшхуэм и фэеплъхэр зэрызэтракъутэм. «Абы къегъэлъагъуэ Урысейр неонацистхэм зэрапэщlэтыр. Бийр иджыри хущlокъу ди къэралым и гъунапкъэм гъунэгъу зэрызыкъыхуищlынум», - жиlащ Путин Владимир.

Къэралым и Унафэщlым пщэрылъ ящищlащ Курск областым лагъымхэр къыщыщlэзыхыж гупыр нэхъыбэ ящlыну, щlыналъэм щыпсэухэр нэхъ псынщlэу я унэхэм еклуэлlэжын папщlэ икlи ядиlыгъащ щlыпlэм къыщебгъэрыклуам зэтракъута унэхэр зэгъэпэщыжыным мылъку къызэрыхуэгъэклуар. «Иджыпсту къэралыр зы гуп лъэщу зэкъуэувауэ мамырыгъэр зэрыщыlэным я къарур хуагъэпсащ», - къыхигъэщащ Урысейм и Президентым.

Уасэхэм хэхъуэнущ

2025 гъэм Урысейм ику иту процент 11,9-кlэ щыхэхъуэнущ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и lуэхутхьэбзэхэм я уасэм, ауэ я куэдагъмащlагъыр щlыналъэхэм щызэщхьэщыклынущ. Апхуэдэ хъыбарыр ТАСС-м и журналистым ирита интервьюм щыжиlащ УФ-м и Къэрал Думэм Ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и комитетым и унафэщlым и къуэдзэ Кошелев Владимир.

ДЕПУТАТЫМ къызэрыхигъэщащи-кlэ, уасэм хохъуэ инфляцэм и щытыкlэм тещlыхьауэ, апхуэдэу псэупlэ-коммунальнэ lэнатlэр къагъэщlэрэщlэжын хуейуэ къазэрыпэщылъым къыхэклыу.

Нэхъапэкlэ УФ-м и вице-премьер Новак Александр къэрал къулыкъущlэхэм пщэрылъ ящищlащ Урысейм Ухуэныгъэмрэ псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэм lэнатlэм и унэтlыныгъэ щхьэхуэхэр дэlыгъыным теухуауэ къыхилъхьа lуэхухэм хэплъэу я еплъыклэхэр къагъэлъэгъуэну. Гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ ЖКХ-м и lуэхутхьэбзэхэм я уасэр ирикъуу къызэрыхэмыклыр, lэнатlэм епха ухуэныгъэ куэд жы зэрыхъуар, мылъкуклэ закъыщlэзыгъэкъуэн зэрамыгъуэтыр.

НОБЭ

♦**Шылъэгум и дунейпсо махуэщ**

♦**1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ хьэрычэтыщlэ цlэрыlуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид**.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩl Иззэщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

Мыщэм зыщихъумэурэ мащэм ихуащ.

ТЭТРОКЪУЭ Астемыр: Гъащlэм фlы гуэрым сыпигъаплъэу, си lуэху дэкlырт

ДуфІ догъэлъапІэ

Илъэс куэд хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, зи ІэщІагъэр, къызыхэкІа лъэпкъыр фІыуэ зылъагъу, абыхэм папщІэ хузэфІэкІ къэзымыгъанэ ІэщІагъэлІ щыпкъэ Тэтрокъуэ Астемыр накъыгъэм и 20-р къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ. Абы и нэтынхэр зэ нэхъ мыхъуми зэхэзыхам шэч къытримыхьэу жиІэфынущ адыгэбзэ къабзэр гъэІуным, хъумэным, цІыху гъэщІэгъуэну ди щІыналъэм щыпсэухэр нэхъыбэм егъэцІыхуным, ар еш имыІэу, зэрытелажьэр. И махуэм ирихьэлІэу Тэтрокъуэм депсэлъылІащ и гъащІэ, и гуащІэ, и гупсысэ щыгъуазэ зыхуэтщІым тфІэфІуи, къыджиІахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Уи сабиигъуэм и жьу сыт къыщІихуар уи гъащІэм, Астемыр?

- Си цІыкІущхьэм и гугъу сщІын ипэ си адэм и къекІуэкІыкІам кІэщІу сыпхутепсэлъыхьынут. Ар зеиншэу къэхъуат. И анэр лъхугъэм илІыкІати, быдзышэ зиІэ цІыхубз гуэрым гурыІуэри ирагъэпІауэ щытащ. Ар илъэсиплІ фІэкІа мыхъуауэ и адэри дунейм ехыжри, зэкъуэшищрэ зы шыпхъурэ хъу зэанэкъилъху сабийхэр я закъуэу унэм къыщІэнащ. Абдежым щыщІидзэри гугъу ехьу псэуащ. ИгъащІэм школ щІыхьакъым, тхэкІэ-еджэкІи ищІэртэкъым абы. Ди анэрати, классибл гуэр къиухауэ арат. Си адэ Музэрифрэ си анэ Аслъихъанрэ сэ сранэхъыщІэу щІалищрэ зы хъыджэбзрэ дыхъуу дапІати, си къуэшитІыр дунейм ехыжащ, си шыпхъу Маринэ схуэпсэущ, Сэрмакъ дэсщ. Си адэр Хэку зауэшхуэм хэтащ, абы къыщигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ «Хэку зауэ» орденым и нагъыщитІыр, нэгъуэщІ орден, медаль зыбжанэ къыхуагъэфэщауэ щытащ.

- Фи гъэсэныгъэм хэт нэхъ елІэлІар?

- Гъэсэныгъэ къытхэзылъхьар ди анэращ, ди адэр къэтІысу тщІэ хъунумрэ дымыщІапхъэмрэ зэи къытхутепсэлъыхьауэ сщІэжыркъым. Уеблэмэ игъащІэм дыдэтІысу дыдэшхакъым. Зыгуэр дыхуеймэ, ди анэм жетІэрэ жредгъэІэжу фІэкІа ди жьэ хуэдгъазэртэкъым. Иджырей сабийхэр жыІэдаІуэкъым, дэ дынэгъуэщІт. ДыкъуейщІейуэ зыгуэр къытІэщІэщІамэ, гу къытлъызыта дэтхэнэ зы нэхъыжьми дызришалІэрти, хэт дрикъуэми къыдэупщІырт. ИтІанэ къыджиІэрт: «Си губгъэн къызэрыпхьар уи адэм жеІэж». Дэнэ ди адэм ар щыжетІэжынт! Ди анэм ар щызэхихкІэ гузавэрт: «АІей, си напэр тепхащ! Уи адэм ар зэхихмэ и жагъуэ хъунщ». Иужьрей псалъэухар дрикъурт дыгузэвэнкІэ, махуэ бжыгъэкІэ ди адэм и нэгу зыкъыщІэдмыгъэхуэнкІэ.

Согупсысыжри, сабиигъуэ сиІащ, сынэхъыщІэти сагъафІэу сыкъекІуэкІащ, адыгэ сабий гъэсэкІэщ згъуэтари.

Школ мыкІуа щхьэкІэ, гъащІэм и дерсхэр фІы дыдэу къиухат си адэм. 1909 гъэм укъалъхуауэ, революцэр иджыри къэмыхъуарэ сабий сади школи щымыІэу, узеиншэу - угупсысэххэнумэ гупсысапІэтІэкъэ ар, гъащІэм ухэзэгъэн, уи унагъуэр зыхуей хуэбгъэзэн щхьэкІэ улъэпІэстхъэн хуейтэкъэ? Мис а гугъуехьхэм пасэу губзыгъэ, Іущ ящІат ар.

Абы щыгъуэми дапщэщи анэращ гъэсэныгъэр зи пщэ дэлъыр. Псалъэм папщІэ, сэ щІалищ сиІэщи, абыхэм я хьэл-щэныр зы къэмынэу яхэзылъ-хьар я анэращ. Зыгуэрхэр къыщыслъысаи щыІэщ, я щыгъын цІыкІу щахуэзжьыщІаи, шхыныгъуэхэр зэрыт тхылъхэр си щІэгъэкъуэну сащыхуэпщэфІаи щыІащ, я анэр Москва сессие кІуауэ. АрщхьэкІэ нэхъыбэр аращ. Илъэс плІыщІ, щэщІрэ бгъурэ, щэщІрэ плІырэ мэхъу щІалэхэри, нобэр къыздэсым щыри фІэкІыпІэ имыІэу йодаІуэ я анэм. Ар сфІэлІыгъэншагъэкъым сэ, быным къэзылъхуахэм хуаІэн хуей хущытыкІэ гуапэущ къызэрыслъытэр.

- Уигу ирихьу узыпэрыта лэжьыгъэхэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- КъБКъУ-м урысыбзэмрэ адыгэбзэмкІэ и къудамэм сыщІэсу Къармэхьэблэ дэт школым практикэ сагъакІуэри, иужькІи сыкъамыутІыпщыжу илъэсищкІэ (1977-1980 гъэхэм) сфІэгъэщІэгъуэну сыщылэжьат. Абы дэлъ цІыхугъэри, езгъаджэ цІыкІухэм я зэфІэкІри, езгъаджэхэм я адэ-анэхэр телъыджэу къызэрысхущытри сигу ирихьырт, гугъу сезыгъэхьыр Сэрмакърэ Къармэхьэблэрэ зэпызыщІэ автобусыр фІыуэ зэрыземыкІуэрат. ЦІыкІухэр литературэм дезгъэхьэхырт, шэджагъуэ хъуху дерс езгъэкІуэкІырти, пщыхьэщхьэр хэкІуэтэхукІэ усэ зытх цІыкІухэм хэхауэ садэлажьэрт, 4-7-нэ классхэм щеджэ а сабийхэм я ІэдакъэщІэкІхэр газетхэм къытрадзэрт.

ИужькІэ телевиденэм и редактор нэхъыщІэу сыкъащтэри, нэтынхэр згъэхьэзыру илъэситху нэблагъэкІэ (1981-1985 гъэхэм) сыщыІащ. А пІалъэм къриубыдэу «Маржэ, ныбжьыщІэхэ!», «Лэгъупыкъу», «ЩІэблэ», «Сабий садым» фІэщыгъэхэр яІэу нэтын щхьэпэ куэд езгъэкІуэкІащ. ИужькІэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд (ар радиом редактор нэхъыщхьэу щыІэт) литературэ редакцэм и нэхъыжь ІэнатІэр къыщысхуигъэлъагъуэм, «хьэуэ» къыхэзгъэкІакъым. «ТхакІуэр, тхылъыр, тхылъеджэр» нэтыныр БищІо Борис и гъусэу згъэхьэзырырт. «Сытхэр уи псэукІэ, къуажэ клуб?» нэтыным жылэхэм щэнхабзэм щыхуащІ гулъытэр къыщызгъэлъагъуэрт. 1990 гъэхэм хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм зэхахыу къудамэ радиом хуащІри, ар зэрылэжьа илъэс 19-м абы сыщыІащ. Тыркум, Сирием щызэхахырт ди радиор, яфІэфІу едаІуэрт.

«Псалъэмакъ щхьэпэ», «ГушыІэпІэ», «Гукъинэ», «ЕджапІэ», «Утыку», нэгъуэщІ нэтынхэри согъэхьэзыр иджыпстуи, нобэр къыздэсым сфІэгъэщІэгъуэну солажьэ.

- Узыпэрыт ІэнатІэр сыт уигу щІрихьыр?

- Си дежкІэ мы упщІэм и жэуапыр къэгъуэтыгъуафІэкъым, сыту жыпІэмэ школрами, телевиденэрами, радиорами, мы илъэс щэ нэкъуэм нэсым сэ сыщылэжьар ахэращи, зэфІэсх Іуэхухэм арэзы зыкъезгъэщІыну сыт щыгъуи сыхущІэкъуащ.

Си мурадахэр къыщызэхъулІаи къыщызэмыхъулІаи, шэч хэмылъу, щыІэщ, ар гъащІэм и хабзэщ. Ауэ «мыр мыхьэнэншэщи, зэман щІытебгъэкІуэдэни щыІэкъым», жысІэу зэи зыщІезгъэхакъым. Уи лэжьыгъэм дамэ къыптригъэкІэну ухуеймэ, абы удихьэхын, гу лъамытауэ иІэ лъэныкъуэщІэ гуэр цІыхухэм егъэлъагъун хуейщ. Лэжьыгъэм хэплъхьэ хуабагъэрщ езыми къуитыжыр.

Сыт хуэдэ ІэнатІэ сыпэрытами, си унафэщІхэри си лэжьэгъухэри къысхуэарэзыуэ си къалэнхэр зэрызгъэзэщІэным иужь ситащ икІи ар къызэхъулІауэ къыщІэкІынущ сызэрылэжьа пІалъэ кІыхьым къриубыдэм губгъэн къыщызмыхьакІэ, тезыр къыщыстрамылъхьакІэ.

УпщІэмкІэ згъэзэжынщи, дэ дызыдэлажьэр цІыхухэращ: абыхэм я псэукІэр, я къекІуэкІыкІар, я гупысэкІэр, я лэжьэкІэр, нэгъуэщІ-къинэмыщІхэр къэдгъэлъэгъуэнырщ. ЦІыхум нэхъ телъыджэ, нэхъ къэцІыхугъуей дунейм зэрытемытыр къэплъытэмэ, абы уепсэлъылІэным, Іуэху дэпщІэным удимыхьэхынкІэ зы Іэмал иІэкъым.

- Радиор, телевиденэр, газетымрэ журналымрэ ущылэжьэныр зыкъым, дауи. Дэтхэнэр нэхъ тынш е нэхъ гугъу, хьэмэрэ зыкІи зэщхьэщыкІыркъэ?

- Радиор нэхъ тыншу къыщІэкІынущ. Телевиденэм зы нэтын щыбгъэхьэзырын папщІэ цІыху куэдым уепхащ, ар тезыхым, макъыр щІэзыгъэувэм, режиссёрым, нэгъуэщІхэми. Радиом диктофон ущиІэмэ, адрей псори уэ уи Іэмыщіэ илъыжщ, узэрыхуейуэ зэхуэгъакІуэ. Иджыпсту эфирым кІуэ нэтыныр зэрыщыту зыщІыр дэращ, абыи фІы хэлъщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, ар уи нэгу къызэрыщІэбгъэувэм хуэдэу пщІы мэхъу. ПсынщІагъкІэ радиор япэ ищынкІэ хъунщ, ауэ бзэм зегъэужьыным къыщыщІэдзауэ зыхуей сыткІи хуэзэу тхыгъэр къэгъэщІыным деж щыщІэкІыжу, газетхэмрэ журналхэмрэ ящІэрыхьэн щыІэкъым.

- Радиом и лэжьакІуэхэр сыт хуэдэ гугъуехьхэм фыпэщІэт иджыпсту?

- 1985 гъэм къыщыщІэдзауэ радиом илъэс плІыщІ хъуауэ сыщолажьэри, къуэш, шыпхъу, сысей дыдэ мыхъуауэ зыри яхэткъым. Щылажьэр мащІэщи, абыи нэхъри дызэкъуегъэувэ. Ди Іуэху Іейуэ жыпІэу ущІэтхьэусыхэн щымыІэми, япэм диІа куэдым дыщощІэ, апхуэдэ Іэмал дгъуэтыжамэ, ярэби, сыту фІыт жыуигъэІэу.

Радиори, телевиденэри, РТЦ-ри зэхэту я профкомым илъэс 15-кІэ и унафэщІу сыщытащ. Абы унэ щат, зыгъэпсэхупІэхэм пщІэншэу щагъакІуэ илъэсхэри хэтащ. КъаруушхуэиІэт профсоюзым, зыгуэр ІуагъэкІын дэнэ къэгъэна, и лэжьыгъэм дагъуэ хуэпщІу тезыр теплъхьэ хъунутэкъым абы и арэзыныгъэ хэмылъу. Мы фэтэрым сыхуейщ жысІэрэ сыукъуэдиямэ, зыри къыспэрымыуэу къысхудэхыну щытами, цІыхур си щхьэм еслъытащ. Апхуэдэ лъэбакъуэ сэ зэи схуэмычынурат, ди лэжьэгъу псоми я щІыхькІэ псэкІэм сэ сыщыгъуазэти. Дауэ сыщымыгъуэзэнрэт, унэ кърэтыну пэплъэу чэзум хэтхэм зы илъэси дэдмыгъэхъуу профкомыр дыкІуэурэ я псэукІэм деплъырт. Сытыт тлъагъур? Хэт и анэр къахэсу, я бынитхумрэ зэщхьэгъусэхэмрэ зэгъусэу кІуэцІыбжэ зыхэлъ пэш зыпытым цІыхуий щыпсэууэ, хэти и щхьэгъусэр тракторым иукІауэ сабиитІ и закъуэу ипІу, щыбагъ имыІэу, фэтэрыр щІэхщІэхыу ихъуэжу. Абыхэм евмыту сэ къызэфт фэтэр зэрыжысІэнур дауэт?! Си щхьэ езмылъыту зыми напэншагъэ игъащІэм есщІакъым, арауэ къыщІэкІынущ си щІалэгъуэм сызыхуэныкъуа псори иужьым Алыхьым къыщІызитыжар.

- УнасыпыфІэ? Сыт а гурыщІэр зыхэплъагъуэр?

- Шэч хэмылъу! Си жьыщхьэ махуэр къызыпэкІуауэ, ар зи фІыгъэу иджыри къысщыхъури, Залинэ? Си гугъэмкІэ, ар си адэ-анэр къысхуэарэзыуэ зэрыщытар арагъэнщ. ГъащІэм фІы гуэрым сыпигъаплъэу, си Іуэху дэкІырт, унэкІэ, нэгъуэщІ зыгуэрхэмкІэ гугъу сехьми, сынасыпыншэтэкъым.

Си шыпхъур унагъуэ щихьам къыщыщІэдзауэ, си анэм срищІэгъэкъуэнышхуэт, слъагъуу унэ лъэгу къезгъэлъэсакъым, джэдкъаз езгъэфыщІакъым. «Си напэр тепхынущ зыгуэрым дыкъебгъэлъагъунурэ», - жиІэми къэзгъанэртэкъым. 1996 гъэм ди адэр дунейм ехыжри, ди анэр илъэсищкІэ абы кІэлъыпсэужати, си унагъуэм зы жэщ сыхэсакъым, къалэмрэ къуажэмрэ я зэхуакум кІуэркъэкІуэжу сытетащ. Жэм къэсшырт, унагъуэр зыхуей хуэзгъазэрт, джэдкъазхэм щыкъун тІэкІу яхуипхъыу дэс си анэр си гурыфІыгъуэт. Уеблэмэ Сэрмакъ щыпсэу си шыпхъум деж езгъэшэну сфІэфІтэкъым, кІэлъыплъын хуейуэ къэслъытэри, зыгъэфІапхъэри, и лъэр щІэкІын папщІэ зыхуей псор зыщІэри сэрати.

- Бзэр кІуэдыжу, лъэпкъыр къаруншэ-хабзэншэ дыхъуу зэрыжаІэм уэ дауэ уеплърэ, Астемыр?

- Бзэм и къарур кІуэщІым пцІы хэлъкъым. ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием терминхэм елэжьыну зэхуишэса комиссэм сыхэсати, ар щыжысІащ. Ар къэзыгъэлъагъуэ зы щапхъэ нэрылъагъу къыпхуэсхьынщ. КъуажэмкІэ ди гъунэгъум и сэрейр Іуахати, сабий цІыкІухэр джэгуу зэрыщысыр слъагъури сабгъэдыхьащ. АдыгэбзэкІэ садоуэршэр. Я адэр къызбгъэдыхьэу: «Уей, Астемыр, уи гугъэм абыхэм адыгэбзэ ящІэу», - щыжиІам зыкІуэцІрызгъэхунт. Псори

зэрыадэгэм къищынэмыщІауэ, зы урыс унагъуэ дэскъым ди къуажэм, ди уэрамым нэгъуэщІ лъэпкъ щыщ зы ныси зыми иІэкъым. ЗгъэукІытэн щхьэкІэ къалэм дэс си щІалэхэм адыгэбзэр уэр-сэру зэращІэр игу къэзгъэкІыжащ. Ар щІыжысІэращи, щахъумэну ди гугъэ къуажэхэми щокІуэд бзэр.

ЗэрыкІуэм хуэдэу кІуэмэ, зыгуэр къамыгупсысмэ, ди Іуэхум фІы кърикІуэнукъым. Осетием къулыкъущІу ягъэувынухэм я лъэпкъыбзэкІэ диктант ирагъэтхыу жаІэ. Ари зы Іэмалщ анэдэлъхубзэр къафІэІуэхунымкІэ. Къэрал унафэ щымыІэмэ, хъумэгъуей хъунущ жыхуэсІэщ. Тыркум щыпсэу хэхэсхэм хуэдэу унагъуэхэм илъынщ, ауэ абыи кІэрыщэщурэ макІуэ.

Дэ псори адыгэ тщІыну дыхэтщ, си фІэщ хъуркъым ар къыдэхъулІэну. КІэртІоф щыхэпсэкІэ жылэ нэхъыфІыр къыхэпхыркъэ? Мис апхуэдэу адыгэбзэр зыщІэм ар зэрыжылэ нэхъыфІыр и щхьэм илъхьэн хуейуэ аращ. НэгъуэщІ хэкІыпІэ щыІэу слъагъуркъым.

Израилым и Кфар-Камэ адыгэ къуажэм дэс сабий псоми ящІэ адыгэбзэр. 4-нэ класс хъуху йоджэ ахэр адыгэбзэ, Израилым и къэралыбзэм, инджылызыбзэм, хьэрыпыбзэм я гъусэу. Ауэ адыгэбзэр щІащІэм и щэхур абыхэм къагъэсэбэп бзаджагъэр арауэ къысщохъу. Сабийр пэщІэдзэ классхэм щІэсыхукІэ лъэпкъ макъамэ ІэмэпсымэгуэрыІм (пшынэуи, шыкІэпшынэуи, къамылуи щрырет) еуэу ирагъасэ. АбыкІи лъэпкъ зэхэщІыкІыр къагъэуш. ЕтІуанэ апхуэдэ Іэмалыр къэфэкІэм зэрыхуагъасэращ. Къафэм хабзэ къыпхелъхьэ, уегъэгушхуэ, щытхъу зэхихыхукІэ цІыхур къызыхэкІар къззыгъэлъагъуэ и зэфІэкІым ирипэгэн щІедзэ. Апхуэдэ гуэр щыІэн хуейщ ди деж кІи, сабийхэр адыгэбзэкІэ зэрыдгъэгупсысэнми делІэлІапхъэщ.

- ЦІыху куэдым я Іуэху еплъыкІэу уэ арэзы узытемыхъуэр сыт?

- Уи упщІэр тэмэму зэхэсщІыкІами сщІэркъым, Залинэ, ауэ гуныкъуэгъуэ сыхэзыгъэтыр бжесІэнщ. Сигу къоуэ куэдым адыгэ хабзэр хэутэн зэращІыр. ХьэгъуэлІыгъуэ е лІэныгъэ диІэмэ, жылэм къыддалъагъун папщІэ ди нэхъыжьыр жьантІэм дыдошэж, армыхъуамэ абыхэм я унафэ зыщІыпІи щылэжьэжыркъым. Ди унагъуэхэм (куэдым) адыгэ хабзэр къызэрыщІэтхуам сыт къытхуихьар жыпІэмэ, зы илъэси яхуэмыхьауэ, унагъуэщІэхэм я зэхуэдитІым щІигъур мэкъутэж, а зэманым къриубыдэу сабий ягъуэтамэ, ар адэншэу е анэншэу къонэ. Сыт-тІэ абы щхьэкІэ жызыІэн щыІэнщ. Абы и «щхьэкІэр» къыщыфщІэнур сабийр балигъ хъуа нэужьщ.

Адыгэ хабзэм, абы и лъабжьэ нэхъыщхьэу шыІэныгъэр зэрыщытым, Іэмал имыІэу школхэм щыхуегъэджэн хуейуэ сэ къызолъытэ.

- Упсэу, Астемыр, зэман къэбгъуэту укъызэрызэпсэлъам папщІэ. ДяпэкІи узыншагъэрэ гукъыдэжрэ ущымыщІэу уи ІэнатІэм упэрытыну, уи унагъуэ дахэм и гуфІэгъуэ куэд ухэплъэну ди гуапэщ.

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Гугъуехьым пхыкІа нэхъыжьыфІ

Зауэм и бынхэр

ФІым щыгугъыу псэу цІыхубэр игъэхыщІат лъахэм къытепсыха гуауэшхуэм. Нэмыцэ хъунщІакІуэхэр къежьат ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжу Хэкум и хъугъуэфІыгъуэ псори зыІэрагъэхьэну.

ЗЫЛІ и быну Хэкум щхьэкІэ зэкъуэува ди лІыхъужьхэм къыІэщІахыжащ ди щІыгур ар зыубыдыну хэта хьэкІэкхъуэкІэхэм. А зауэ гущІэгъуншэм куэдым я щхьэ халъхьащ, сабиигъуэ зымылъагъуу къэхъуа ныбжьыщІэхэри мащІэкъым. Зи адэ, адэ къуэш зымылъэгъуахэри гъунэжщ. ГъащІэ хьэлъэм, псэ зэпылъхьэпІэм и гъунэм Іутащ сабий хейхэр, языныкъуэхэри къелакъым. Зи сабиигъуэр а зэман хьэлъэм хиубыдахэм ящыщщ Щхьэлыкъуэ къуажэм щыпсэу ГъущІынэ Александр.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэр а жылэм къыщысам ГъущІынэр илъэсищт зэрыхъур. И адэ Сэрэбий ящыщщ япэ дыдэ зауэм Іухьахэм. Анэм къыхуэна сабиищыр цІыкІу-цІыкІу защІэт, я нэхъыжьыр илъэсих хъууэ арат.

- Си анэм жиІэжу зэрызэхэсхыжауэ щытамкІэ къуажэм дэс цІыхубз нэхъ щІалэхэмрэ ныбжьыщІэ цІыкІуу тІэкІу зыгуэр зыщІэфхэмрэ щІытІ яшэрт, танк дэмыкІыфыну кърат Іык Іырт кууўэ, абы зэреджэу щытар «шыфэхъуэпсщ». Сэрэ си шыпхъу нэхъыщІэмрэ си къуэш нэхъыжьым дыкъыхуэнэрт. ИтІанэ нэмыцэхэр къэса нэужь, ди Іуэхур нэхъыкІэж хъуат: диІахэр нэмыцэм зэщІакъуати, дымэжэщІалІэт. Зэгуэрым шхын щхьэкІэ сылІэу бжыхь къуагъым сыгъуэгыу сыкъуэсу, нэмыцэлІ гуэр блэкІрэ пэт, шоколад къызэрызитар, иджыпсту хуэдэу сощІэж, - жеІэ ГъущІынэм! - Зи нэпсыр къызэпызыжыхьа нэхъыжьыфІым адэкІэ къыпещэ и псалъэм. - Апхуэдэ цІыху тэмэм закъуэтІакъуи яхэт къыщІэкІынт абыхэм. Ауэ мащІэ гузэвэгъуи тшэчакъым а гущІэгъуншэхэр ди лъахэм итыху. Ди насыпти ахэр куэдрэ ди гущІыІу ирагъэсакъым ди зауэлІхэм. Зы махуэ гуэрым уафэр дэзджызджу къэхъуа ІэуэлъауэшхуэмиужькІэ тлъагъужакъым фашистхэр. Апхуэдэ зэхэуэ гуащІэхэм деж дэ дэ щІыунэм дыщагъэпщкІурт. Зэгуэрым мамэ гуфІэу къыдыхьэжат, «нэмыцэхэр дахужащ», жиІэри! Дызэрыныбаджэри дызэрыщыгъыныджэри тщыгъупщэжат а зэрыпхъуакІуэр щыдахужам. «Папэ щІэх къэкІуэжыну?» жысІэурэ мамэ сеупщІырт. Ауэ жэуапым и пІэкІэ, си нэІум «ба» къыхуищІырти, жысІа упщІэр сщигъэгъупщэжыху къызэдэхащІэрт. Апхуэдэурэ тІэкІуи зыкъэдужьыжх хуэдэурэ хъуат. Зауэр зэриухрэ илъэситІ дэкІауэщ си адэм къыщигъэзэжар. Къызэрысыжуи колхозым хыхьэжащ. Сэ илъэсибл сыхъуауэ школым сыщІагъэтІысхьащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэри гугъуу екІуэкІащ, ауэ узэкъуэтмэ куэдым упэлъэщынущ. Дэ а зэманым зылІ и быну дыщытащ, губгъэн зыми зыхуедмыгъэщІу, жаІэм дедаІуэу, нэхъыжьхэм пщІэ яхуэтщІу, - жеІэ ГъущІынэм.

Илъэс пщыкІутІ хъуми арат Александр шкІахъуэу фермэм щыкІуам. Апхуэдэу лажьэурэ илъэс пщыкІуий щыхъум, армэм дашащ. ИлъэсищкІэ дзэм къулыкъу щищІэри къигъэзэжащ щалъхуа къуажэм. Аргуэру колхозым хыхьэжри пенсэм кІуэуэ тІысыжыху а зы щІыпІэм щылэжьащ илъэс 50-м щІигъукІэ. И щхьэгъусэ Зоерэ абырэ пхъуитІ зэдагъуэтащ. Ауэ мы зэманым, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ГъущІынэм и щхьэгъусэр псэужкъым.

Александр и гугъуехьымрэ и лэжьыгъэм псэемыблэжу зэрыпэрытамрэ папщІэ фІыщІэ тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ, «Зауэм и бынхэр» зытет медалри иджыблагъэ кърэтащ.

Зи сабиигъуэр зэман хьэлъэм хиубыда ГъущІынэ Александр мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъури, дохъуэхъу, и быным и быныжхэм ягъэгуфІэу, узыншагъэрэ гуфІэгъуэрэ щымыщІэу ГъущІынэхэ я жьантІэм куэдрэ нэхъыжьыфІу дэсыну!

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Сом меларди 2,2-рэ къыхашэ

Хьэрычэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ заужьын, я лэжьыгъэхэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ МСП Банкым и сом меларди 2,2-рэ я лэжьыгъэм къыхашащ илъэс блэкІам икІи Кавказ Ищхъэрэм ещанэ увыпІэр щиубыдащ абыкІэ. КИФЩІ-м и щІыналъэхэм псоми зэхэту щІыхуэу къащтам и процент 16-р ди республикэм къылъос.

КЪАПЩЫТЭЖ пІалъэм къриубыдэу МСП Банкым къыщащта ахъшэм и куэдагъымкІэ Ставрополь крайм япэ увыпІэр Кавказ Ищхъэрэм щиІыгъщ. Абы и Іыхьэр процент 36-рэ мэхъу. АдэкІэ Къэрэшей-Шэрджэсыр къыкІэлъокІуэ, процент 34-рэ иІэу. ИщхьэІуэкІэ зэрыщыжытІащи, КъБР-р ещанэщ.

2024 гъэм МСП Банкым и дэІэпыкъуныгъэ хэлъу Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я хьэрычэтыщІэхэм я лэжьыгъэм псори зэхэту сом мелард 13,8-рэ къыщагъэсэбэпащ. Абы ипэ ита илъэсым зэрыщытам нэхърэ процент 24-кІэ нэхъыбэщ ар. КИФЩІ-м и бизнесым зэрызиубгъум, хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ жыджэру зэрызаужь хъуам ар и щыхьэтщ.

Кавказ Ищхъэрэм и хьэрычэтыщІэхэм псоми зэхэту щІыхуэу къащта ахъшэр зыхалъхьэну унэтІыныгъэхэр зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, абы и процент 36-р сатум ягъэкІуащ, процент 20-р - мэкъумэш ІэнатІэм, процент 18-р - Іуэхутхьэбзэхэм.

ЩІыналъэхэм я хьэрычэт ІэнатІэхэм зегъэужьыныкІэ, бизнес-пэхуэщІэхэр гъэзэщІа хъунымкІэ МСП Банкым и дэІэпыкъуныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. ЖыпІэнурамэ, лэжьыгъэм къыхашэ ахъшэм и фІыгъэкІэ лэжьапІэщІэхэр къызэІуах, цІыхухэр ІэнатІэхэмкІэ къызэрагъэпэщ, Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм и зэфІэкІым хохъуэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ХуэдитІкІэ нэхъ мащІэу

ІэнатІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм хуэдитІым нэблагъэкІэ щыкІэрыхуащ илъэс пІалъэм къриубыдэу.

РЕСПУБЛИКЭМ цІыхухэм ІэнатІэ къахуэзыгъуэт ІуэхущІапІэхэм лэжьапІэ къалъыхъуэу цІыху мини 2-м нэблагъэ щатхащ нобэкІэ. АтІэ, а бжыгъэр мини 4 хъууэ щытащ зы илъэскІэ узэІэбэкІыжмэ. ЩІэупщІэ зиІэхэм, ІуэхущІапІэхэм нэхъыбэу къалъыхъуэхэм хохьэ дэрбзэр, машинэзехуэ, агроном ІэщІагъэхэр, щыжаІащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм.

«2024 гъэм и пэщІэдзэхэм лэжьапІэншэу зезыгъэтхахэр мини 4-м нэблагъэу щытащ, иджыпсту минитІым нэхърэ нэхъ мащІэщ ахэр. Ар зи фІыгъэр мы гъэм лэжьыгъэ ІэнатІэщІэ куэд республикэм къызэрыщызэІуахарщ, езы ІуэхущІапІэхэми жыджэру заужь хъуащ. Псом хуэмыдэу нобэ зеужь дэрбзэр унэтІыныгъэм пыщІахэм икІи ахэр ІэщІагъэлІхэм куэду хуэныкъуэщ. ЦІыхухэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтынымкІэ ди къудамэри лэжьапІэншэхэм ядэІэпыкъу зэпытщ, ІэнатІэхэри къахуегъуэт», - дыщыщагъэгъуэзащ министерствэм. Апхуэдэуи абы къызэрыщыхагъэщамкІэ, лэжьапІэншэхэм ящыщ куэдым УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм зэгурыІуэныгъэхэр иращІылІащ.

НобэкІэ ди республикэр хуэныкъуэщ автобусхэр зезыгъакІуэхэм. Ахэр зэрахуримыкъум къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къищэхуа транспортыщІэхэм я нэхъыбэр гаражым дэтщ.

Мыдрейуэ, цІыхуІэ щыхуэныкъуэщ щІыналъэм и мэкъумэш ІэнатІэми. Абы нэмыщІ, иужьрей илъэсхэм дэрбзэр ІуэхущІапІэхэр Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Къэщкъэтау жылэм къызэрыщызэІуахам къыхэкІыу, дэрбзэрхэри республикэм щызэпэубыда хъуащ.

БЭБЭЧ Башир.

«Хьэрфхэм я пшыналъэ»

ТхылъыщІэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм и курыт еджапІэ №3-м и пэщІэдзэ классхэм илъэс 40-м нэблэгъауэ щезыгъаджэ, «Си гур сабийхэм тыгъэ яхузощІ» орденыр зыхуагъэфэща, къуажэм дэс бзылъхугъэхэм къызэрагъэпэща зэгухьэныгъэм хэт Багъ Іэсият сабийхэм папщІэ иджыблагъэ къыдигъэкІащ «Хьэрфхэм я пшыналъэ» тхылъыр.

АДЫГЭ пэжырытхэм, хьэрфхэмрэ макъхэмрэ, абыхэм я къэхъукІэм ятеухуа усэхэр, уэрэдхэр, таурыхъхэр щызэхуэхьэсауэ сабий гъэсапІэхэмрэ пэщІэдзэ классхэмрэ къыщагъэсэбэп хъуну тхылъыр гъэщІэгъуэнщ, дэзыхьэхынщ, егъэджакІуэхэми щхьэпэ яхуэхъунщ. Тхылъым ихуа лэжьыгъэхэр егъэджакІуэ гумызагъэм и дерс зэІухахэм къыщигъэсэбэпа защІэщ.

- Зым и дежкІи щэхукъым, сабийхэр щызогъэтри, балигъхэм ящыщ куэд нобэ урысыбзэкІэщ зэрыпсалъэр. Аращи, зи анэдэлъхубзэр нэсу зымыщІэ сабийм жыпІэр къыгурыІуэу, ирипсэлъэфу, хьэрф 59-м я тхыкІэмрэ къэпсэлъыкІэмрэ ящІэу егъэсэным зэманышхуэ токІуадэ, дэ апхуэдиз зэман диІэкъым. Тхьэмахуэм анэдэлъхубзэр джыным зы сыхьэт е сыхьэтитІ хухахыу аращ. Дапхуэдэу хъуми, сабийм и анэдэлъхубзэр зригъэщІэныр нэхъ тынш щысщІын мурадращ си лэжьыгъэхэр зэхуэсхьэсыжу зы тхылъ щхьэхуэу къыдэзгъэкІыжыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Приречнэ къуажэ администрацэм и унафэщІу лэжьа Къанкъул Къанщобий фІыщІэ хузощІ тхылъыр къыдэзгъэкІынымкІэ зэрызыкъысщІигъэкъуамкІэ.

Иорданием щылажьэ Адыгэ Хасэм и лэжьакІуэ ХьэцІыкІу Мэзхэр и лъэІукІэ, Іэсият адыгэбзэкІэ дерсхэр зэпэІэщІэу я гъэсэнхэм ядригъэкІуэкІащ. ЗэгурыІуэри, апхуэдэу мазэ зыщыплІкІэ ядэлэжьащ тхьэмахуэм зы дерс яриту. Апхуэдэу, Тыркум и лІыкІуэ Тохъу Нэсрин «Хьэрфхэри мэпсалъэ» тхылъымкІэ хуэупсащ Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэм екІуалІэхэм ядэлажьэ Зыхъуэ Иринэ. Дэнэ щІыпІи щыпсэу адыгэхэм щыцІыкІум щыщІэдзауэ я анэдэлъхубзэр егъэщІэн, лъэпкъ хабзэхэм, уэрэдхэм, таурыхъхэм щІэпІыкІын хуейуэ, уеблэмэ балигъхэри анэдэлъхубзэр щрагъэдж курсхэм кІуэн хуейуэ къелъытэ Іэсият, я щІэблэм я бзэр ирагъэщІэн щхьэкІэ.

- «Хьэрфхэм я пшыналъэ» тхылъыр щІэщыгъуэ сщыхъуащ. Іэсият хуэдэу анэдэлъхубзэр дахэу зыгъэшэрыуэ, и ІэнатІэм гурэ псэкІэ пэрыт, лъэпкъым къыщІэна хабзэ дахэхэр зыхъумэ, щІэблэр абыхэм щІэзыпІыкІ уигъэлъыхъуэнщ. «Усабий щІыкІэ къэпщтар мылъку лъапІэу уиІэнущ», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди сабийхэр кІуэ пэтми адыгэбзэм пэІэщІэ мэхъу. Абы и лъэныкъуэкІэ Багъ Іэсият «Хьэрфхэм я пшыналъэ» тхылъыр бзэ тыншкІэ, дахэкІэ, лантІэкІэ, гурыІуэгъуэкІэ тхащи зыхуэгъэза цІыкІухэр димыхьэхынкІэ Іэмал иІэкъым, - жеІэ егъэджакІуэ Гъубжокъуэ ФатІимэ. - Тхылъым щызэхуэхьэсащ Іэсият и

ІэдакъэщІэкІ усэхэр, уэрэдхэр, гъэм и зэманхэр тыншу зэрызэбгъэщІэным теухуахэр, псынщІэрыпсалъэхэр, теплъэгъуэхэр. «Дерс хьэзырхэр» зыфІища Іыхьэр дэтхэнэ зы егъэджакІуэми щхьэпэ зэрыхуэхъунум шэч хэлъкъым. Іэсият фІыщІэ хузощІ анэдэлъхубзэр апхуэдэу бзэ дахэкІэ, шэрыуэкІэ цІыкІухэм зэрабгъэдилъхьэм папщІэ.

ЩІэблэм я къэкІуэнум гукІи псэкІи хуэлажьэ бзылъхугъэм курыт еджапІэм и пэщІэдзэ классхэм зэрыкІуэрэ и егъэджакІуэхэр и щапхъэу къекІуэкІащ. Ахэрауэ къыщІэкІынущ зыхуеджэну ІэщІагъэр къыщыхихым гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуари - Къаскъул Еленэ, Махуэ Борис, ХьэшкІул Валерэ, Нэхущ Светланэ, Чыржын Марьянэ, Турчина Аннэ, Ныр Мухьэрбий, КІакІэ Іэминат, Къаскъул Ася сымэ.

Сабийхэмрэ я адэ-анэхэмрэ зэрадэлажьэм, и бгъэдыхьэкІэхэм еш имыІэу тепсэлъыхьыфынущ Іэсият. Сыт щыгъуи япэ иригъэщыр, нэхъыщхьэу къилъытэр еджакІуэхэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэнырщ, я зэфІэкІхэм зригъэужьынырщ. И гъэсэнхэми абы пщІэ-нэмыс къыхуащІ, я дзыхь кърагъэз, анэ пэлъытэ яхуэхъуауэ. И къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр хьэлэмэтщ, и дерс зэІухахэр, классщІыб сыхьэтхэр щригъэкІуэкІкІэ иригъэблагъэ и лэжьэгъухэм и Іуэху бгъэдыхьэкІэхэмкІэ ядогуашэ. И дерс купщІафІэхэр апхуэдизкІэ щІэщыгъуэу къызэрегъэпэщри, ныбжьыщІэхэм абыхэм щІэ куэд къыщащІэ, гъэщІэгъуэн ящохъу.

Іэсият нэгъуэщІ Іуэхуми полъэщ - абы усэ, уэрэд етх. Къэгъэззэж Іэниуар игъэзащІэ, Давыдовэ Риммэ макъамэ зыщІилъхьа «Зэрыджэ плъыжь» уэрэдри аращ зи Іэдакъэ къыщІэкІари. Куэдым фІыуэ ялъэгъуа, Мудрэн Марьянэ игъэзащІэ «Мамэ» уэрэдри Іэсият ейщ. Зэрамыщ Іэ Зарети сабий уэрэд зыбжанэ дитхащ. УзэІэбэкІыжмэ, тхылъитІ къыдигъэкІащ сабийхэм папщІэ усэхэр щызэхуэхьэсауэ. ПэщІэдзэ классхэм адыгэбзэр щызыдж цІыкІухэм анэдэлъхубзэр къэйгугъуэкІ зэрыхъуам тепщІыхьмэ, Іэсият итха «Ди Іэзидэ мадэ», «Хьэрф зэгуэтхэри мэпсалъэ» тхылъхэр сэбэп къахуэхъунущ. Абы дохутыр БищІо ХьэІишэт фІыщІэ хуещІ и етІуанэ тхылъыр къыдигъэкІынымкІэ зэрызыкъыщІигъэкъуам папщІэ. Іэсият абыкІэ яхуэупсащ и гъэсэнхэм, сабий гъэсапІэхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ екІуалІэхэм, ныбжьыщІэхэм. Мыри къыхэзгъэщынут: «1 КъБР» каналым и «Сабий гъэгуфІэ» нэтыныр илъэситІкІэ иригъэкІуэкІащ.

Багъ Іэсият Интернет сайтым къыщызэригъэпэща «ХьэщІэщ», Иорданием щыщ адыгэ, генерал Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд зэхиша «Ди бзэ-ди псэ» лъэпкъ гуп дахэхэр егъэлажьэ. Абыхэм яхэтщ гъунэгъу республикэхэм, хамэ къэралхэм (Тыркум, Сирием, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм) щыпсэу, анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ ди лъэпкъэгъухэр. Ахэр Давыдовэ Риммэ, Зэрамыщ Іэ Заретэ, Тхьэмокъуэ Женя, Къэгъэзэж Людэ, Бэвокъуэ Оксанэ, БатІитІ Мухьэмэд, КІэрэф Ерол, Емуз Баязит, Ехъутэныдж Мунзир, Къэбэрдей Аднан сымэщ. А напэкІуэцІхэм гулъытэ щыхуащІ цІыху цІэрыІуэхэм, щэджащэхэм, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ Іущыгъэхэм, хабзэхэм, псалъэжьхэм. Нэхъыщхьэращи, а гуп гуапэхэр сэбэп мэхъу дуней псом щыпсэу адыгэхэр зэрыцІыхунымкІэ, зэрыщІэнымкІэ, я зэпыщІэныгъэр ягъэбыдэнымкІэ. А гупым жыджэру зэрыхэтыр къилъытэри, Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд Іэсият фІыщІэ тхылъ къыхуигъэфэщащ.

Куэдым япэ егъэджакІуэ яхуэхъуа, зи ІэщІагъэр гукІи псэкІи фІыуэ зылъагъу Багъ Іэсият иджы дыдэ къыхуагъэфэщащ ТхакІуэхэмрэ Гъуазджэм и ІэпщІэлъапщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкІ фІыщІэ тхылърэ «За служение русскому слову» дамыгъэмрэ, усыгъэмкІэ «Берега дружбы им. Л. Ю. Севера» Х лъэпкъыбэ щІалэгъуалэ фестиваль-зэпеуэм и «Берег дружбы - КБР 2025» IX Кавказ Ищхъэрэ фестивалым жыджэру зэрыхэтам, езыгъэкІуэкІахэм зэрадэІэпыкъуам папщІэ. НэхъапэІуэкІи и ІэнатІэм щиІэ зэфІэкІхэмрэ ехъулІэныгъэхэмрэ мызэ-мытІэу дамыгъэ лъапІэхэр къыпэкІуащ, илъэс куэд щІауэ гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, сабийхэм зэрахуэпэжыр, къалэ, район, республикэ олимпиадэхэм щытекІуа еджакІуэхэр зэригъэхьэзырар къалъытэри. Апхуэдэщ «Юниор-Лига КВН» кубокыр, «Берега дружбы» фестивалыр, сурэтыщІ гъуазджэмкІэ «Февральские окна», «Призвание», «Джэгурэш» зэпеуэхэр, «Созвездие талантов», «Хочу всё знать» зэхыхьэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЕгъэджакІуэ гуапэ, цІыху Іэдэб, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, шыІэ зыхэлъ Багъ Іэсият узыншагъэ иІэу, и гъэсэнхэм ягъэгушхуэу, и щІэблэм ягъэгуфІэу, и гукъыдэжым хэхъуэу дяпэкІи и ІэнатІэм щехъулІэну Тхьэм жиІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

ГущIэгъуншэт зауэр

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуащ Васильев Борис и «А зори здесь тихие...» повестым къытращIыкIа «Пшэплъ даущыншэхэр» спектаклыр. Режиссёрыр Понаровский Антонщ. Тхыгъэр адыгэбзэм къизыгъэзэгъар ди лэжьэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щIыхь зиIэ я журналист НэщIэпыджэ Замирэщ.

СПЕКТАКЛЫМ и япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ ухешэ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм зауэлI къэмылэнджэжхэм зыкъыкIэрамыгъэхуу ТекIуэныгъэр къэблэгъэным зи зэфIэкI езыхьэлIа бзылъхугъэхэм зэрахьа лIыгъэм. Зи насып къэкIуэгъуэхэм я хъуэпсапIэхэр а зауэм къызэрызэпиудар, я гъащIэр зэрызэтрикъутар, ТекIуэныгъэм уасэшхуэ зэрыщIатар, лIыгъэр, цIыху гъащIэр зэрылъапIэр къыщыгъэлъэгъуэжащ спектаклым.

Фадэм хуэхамэ зауэлIхэр къыхуагъэкIуэну щIэлъэIуа старшина Васков и лъэIур ягъэзэщIат, и унафэм къыщIэхуахэр бзылъхугъэ защIэт жумыIэнумэ. Артистхэм удихьэхыу, уи фIэщ хъууэ къагъэлъэгъуэжащ щIалэгъуэм хэлъ дахагъэр, лъагъуныгъэр, гушыIэр, зэуапIэм Iутми, цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэ екIухэр, цIыхугъэр зэрахъумар. ТекIуэныгъэр ди къэралым и цIыхухэм къызэрахьынур быдэу я фIэщ хъурт абыхэм. Аращ езыхэри къыщIимыкIуэтар.

ТекIуэныгъэр, мамырыгъэр, нобэ дызэрыпсэур зи фIыщIэ цIыхухэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунурщ, къэралым и блэкIар, абы теухуа дерсхэр дджын зэрыхуейрщ мы спектаклыр нэхъыщхьэу зытеухуар. Хэку зауэшхуэр зи лъабжьэ фильмхэм, тхыгъэхэм хуэдэу, щIэблэр тхыдэм щIэпIыкIынымкIэ «Пшэплъ даущыншэхэр» спектаклыр щхьэпэщ. Курыт еджапIэм щеджэхэм я программэм хагъэхьа а тхыгъэм къытращIыкIа фильмым емыплъа, ар зыхэзымыщIа щIагъуэ щыIэкъым. СпектаклращIи, ди гуапэу къыхэдгъэщынут режиссёрри артистхэри зэрыпэлъэщар зыхуагъэува къалэнхэм.

Васков Федот старшинам и ролыр екIуу игъэзэщIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд. И нэIэ щIэта хъыджэбзитхури я ролхэм фIыуэ пэлъэщащ. Сержант нэхъыщIэ Осянинэ Ритэу джэгуар ХьэхъупащIэ ФатIимэщ. ШыIэ зыхэлъ цIыхубзу, бэшэчу зыкъигъэлъэгъуащ абы. Четвертак Галя и ролыр зылъагъэсар ДыщэкI Рауятщ. Ар и образым фIыуэ пэлъэщащ, цIыхухэм гущIэгъу зыхуригъэщIыни хузэфIэкIащ. Усэ еджэным дихьэх Гурвич Соня и ролыр Хъурзокъуэ Элинэ игъэзэщIащ. Комельковэ Женяу джэгуар зи теплъэкIи, IэпкълъэпкъкIи, джэгукIэкIи и ролым хуэкIуэ Гуэщокъуэ Регинэщ. Старшинам лъагъуныгъэ хуэзыщIауэ зыкъезымыгъащIэ Бричкинэ Лизэр МафIэдз Заирэтщ. Роль гъэщIэгъуэнт ари. А псоми я нэIэ тетащ куэдым фIыуэ ялъагъу актёр Iэзэ Хьэмырзэ Ахьмэд.

Старшинар лIыжь хъуауэ хъыбарыр къэзыIуэтэжыр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мысост Вадимщ. Абы и гукъэкIыжхэм узыIэпашэу уодаIуэ. Васков дадэм хъыбарыр кърегъэIуатэ капитан щIалэм - ар Семэн Астемырщ. Бричкин Иван и ролыр игъэзэщIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Быдэ Хьэсэнбий, Хьэжмэт Iэдэм щакIуэу джэгуащ. Майорыр ТIымыжь Владимирщ, полковникыр Блашэ Имранщ, нэмыцэ щIалэу мэджэгухэр Къардэн Зауррэ Бейтыгъуэн Жамболэтрэ, Хьэщхъуэжь Ислъам лейтенант Осяниным и ролыр игъэзэщIащ, Кирьяновэр Пащтыкъ Анфисэщ. Журт зэщхьэгъусэм - Гурвич Соня и адэанэм - я ролхэр зыгъэзэщIар КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Тэмазэ Лиуанрэ Мэкъуауэ ФатIимэрэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дунейм макъамэ ирищIэкIыр

Осетие Ищхъэрэ - Аланием щIыхь зиIэ и артисткэ, Мариинскэ театрым и концертмейстер нэхъыжь, лъэпкъхэм зэдай зэхьэзэхуэ куэд къихьэхуу зи IэщIагъэм щехъулIа ПщыхьэщIэ Мадинэ и ныбжьыр мы гъэм илъэс 50 ирикъунут. Ауэ ... нэгъабэ накъыгъэ мазэу, дуней щIэращIэм и макъамэкIэ зызымыгъэнщIа си шыпхъум зэуэзэпсэу мы гъащIэр ибгынащ... дыкъигъэуIэбжьу нэхуапIэ дыджым дыIуигъэплъащ къызыхэкIа адыгэ лъэпкъри зыхуэлэжьа осетинхэри.

СИ къалэмыпэ кIэзызыр схуэмытхэу илъэс псо дэкIащ... абы хуэсщIэжыфынур мы тхыгъэ мащIэм хэлъщи, псалъэу щыIэр йомэщIэкI. Мадинэ зыхуэпсэуа, зыхуэлэжьа Макъамэ гъуазджэм и гущIэ пшыналъищэу къиIукIын хуей тхыгъэм къалэмыр дауэ пэлъэщын?! Лъэпкъ зэхэгъэж зымыщIэу ныбжь зимыIэ макъамэ гуащэм хэт лъэIэсыфрэ? ЩIылъэрыкIуэ цIыху цIыкIум тщыщу псэ узэщIа зиIэрщ, зи гупсысэ бзыгъэрщ, дахагъэр зыхэзыщIэрщ! Мадинэ си напщIэм телът. Сэ сызыпэIэщIэ IэщIагъэм си шыпхъу нэхъыщIэр зэрыщехъулIам, лъэбакъуэ ичыху зы нэкIэ зэрыдэкIуейм си гур из ищIырт! Газетхэм абы теухуа тхыгъэ къыщытехуэкIэ сэ схуатха хуэдэу зризгъэщIагъуэрт, езым къызэрыфIэIуэху щымыIэми. Ар зэрыцIыкIурэ есат я унагъуэм къатетхыхьу, езым и сурэти къытехуэу. И адэ ПщыхьэщIэ ЛатIиф республикэм и ухуакIуэ нэхъыфIхэм ящыщт, Гагарин Юрэ щIыгъуу сурэт иIэт! И анэ ФатIимэ (си адэ шыпхъур) егъэджакIуэфIу, щытхъу зиIэ завучу илъэс куэдкIэ Бэтэх къуажэм щылэжьауэ, Налшык къэIэпхъуэу сабий сад лэжьакIуэ щыхъум, абдежи щехъулIат, республикэм и гъэсакIуэхэм я нэхъыфIу къалъытэу. И дэлъху Ислъам милицэу еджащ, зауэ IэнатIэхэм я дамыгъэ и куэдщ, иджыпстуи абы и гуащIапIэм хэтщ. А тIуми щапхъэ яхуэхъуащ гу хьэлэлу я лэжьыгъэхэм пэрыта адэ-анэр.

Мадинэ дэрэ тIури дызэрышыпхъуншэм гъунэгъу дызэхуищIу дыкъэхъуами, дызэщхьтэкъым. Ар пэрыт Iуэхушхуэхэм къыхуигъэщIа цIыхут, зыщымысхьыжу, ехъулIэу! Фэтэрым щыпсэу я гъунэгъухэм зэран яхуэмыхъун щхьэкIэ, нэхумыщым ар Искож хьэблэм икIыурэ Горнэм щыIэ я еджапIэм кIуэрти, пианинэ еуэрт, и еджэгъухэр къызэхуэсыхукIэ. Тхьэр зэфIэкIкIэ зыхуэупса цIыхум а и ерыщагъыр щIыгъужмэ сыт хэлът? Абы Налшык музыкэмкIэ и 2-нэ еджапIэр, къызэрыгуэкI школыр, иужькIэ и училищэр - щыри ехъулIэныгъэ иIэу къызэринэкIри, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтри диплом плъыжькIэ къиухащ, еджэныр гугъу щымыхъуу. А гъэ дыдэми ар щIэтIысхьащ Воронеж гъуазджэмкIэ и институтым и аспирантурэм фортепианэмкIэ и къудамэм. Ари ехъулIэныгъэ иIэу къиуха нэужь, Санкт-Петербург щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым мызэ-мытIэу щыIащ. Мадинэ и егъэджакIуэу щытахэм ягу хэхъуэрт абы и гугъу щащIкIэ (Перельсон Эллэ, Темыркъан Юлие, Колосовэ Викторие, КIуэкIуэ Бэлэ сымэ).

Тхьэм къыхуигъэфэща хъуахуэм къыдэкIуэу гурыхуагъэ, цIыхугъэ лъагэ, къару зэрыдалъагъур жаIэрт, еджакIуищэм ящыщ зырызым хабжэрт. Студенту концертмейстер лэжьыгъэм пэрыхьа пщащэм ехъулIэныгъэхэр къызэрихьэхур ялъагъурти, и егъэджакIуэхэм ягу къеуащ Мадинэ Владикавказ щыIэпхъуам. Ауэ ар унагъуэ ихьат, зыдэкIуар осетинт, езым къыдеджауэ. Джиоевхэ Аланрэ Мадинэрэ театрым щызэдэлажьэрт, я лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу Iуэхушхуэ зэдащIэрт Осетием я макъамэ щIэиныр зэхуахьэсрэ нотэхэр ящIыгъуу тхылъ том бжыгъэхэр къыдагъэкIыу, сабийхэми ядэлажьэу, концертхэри къызэрагъэпэщу. Мадинэ и макъамэр зэ закъуэ нэхъ мыхъуми щIэжьыуэ зыхуэхъуа уэрэджыIакIуэхэр щIэхъуэпсырт абы дэлэжьэну. «Мадинэ и Iэпэхэр пианинэм теIэбамэ, оркестр псо къэIуу уфIегъэщI, плъэмыкIынури пхузэфIигъэкIыу уегъэгушхуэ, узыхещIэ, зыкъыбдещI, гурыщхъуэу уиIэр пщхьэщех!» - газет тхыгъэм щетх театрым и уэрэджыIакIуэ Нартиковэ Ланэ.

ПщыхьэщIэхэ макъамэ гъуазджэм зэрыхуэмыхамэр, пшынауэ ПщыхьэщIэ Мухьэжыр Мадинэ и адэшхуэм зэрикъуэшыр зыщIэ журналистхэр абы къеупщIырт пшынэр къимыщтэу пианинэр къыщIыхихамкIэ. Мадинэ жэуапу яритырт: «Сэ илъэситху сыхъуу урыс композиторхэм я IэдакъэщIэкI сыдэзыхьэххэр фортепианэм къизгъэкIыну яужь сихьауэ щытащ. Сабий садым я гъэсакIуэхэм абы гу лъатэу си анэм къыщыжраIэм, ар гуфIащ, езыми макъамэр фIэфIти, еджапIэм сритащ. КъыщызэгугъуэкIаи, IэщIыб сщIыну къыщысхуихуаи щыIащ, ауэ сыпсэуху фIыщIэ хуэсщIынущ гугъуехьу щыIэм сыпэзыгъэлъэщу си щIыбагъ къыдэта си анэм! Пшынэри сфIэфIщ, соуэ, ауэ пианинэм и Iэмалхэр нэхъ лъэщу зыхэсщIэрти аращ ар къыщIыхэсхар».

Мадинэ щысабийм фIэфIт Бах, Бетховен, Паганини, Чайковский, Лист сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. Абы пианинэм адыгэ пшыналъэ кърригъэкIмэ, гукъыдэж иIэу зигъэпсэхуу арат; игу хэщIмэ, ХьэIупэ ДжэбрэIил и «Псыхэгъэ» симфонием и философием хилъасэрт. Зэман гуэркIэ ар дихьэхауэ щытащ макъамэтх Балакирев и «Ислъэмей» лэжьыгъэм. Абы адыгэпсэ зэрыхэтыр зыхищIэрти, унагъуэм хьэщIэ къахуэкIуэмэ игу хэхъуэу яхуеуэрт.

... Си шыпхъу цIыкIу, сыту угъащIэ мащIэт, сытуи Iуэхуфэ фIыкIэ гъэнщIат уэ къэпкIуа гъуэгуу иджы уи щIалитIыр, Азэмэтрэ Аслъэнрэ, пщIэ яIэу зрикIуэр. Уэ абыхэм къахуэбгъэна уи цIэ лъапIэр жьауэу къащхьэщытщи, тIури йохъулIэ, къапэщылъ лъагапIэм зы нэкIэ дэкIуеиху уи псэр зэрагъэгуфIэр хьэкъ ящохъури. Оркестрым я дирижёру Азэмэт и концерт иджыблагъэ деплъащ! Филармонием и пэшышхуэм ищхьэмкIэ щхьэгъубжэм къыдидз нэхум сыхэплъэрт уи теплъэ къэслъыхъуэу... Аслъэн еджакIуэ нэхъыфIу къыхахахэм яхэту мы махуэхэм Мэзкуу щыIащ, ди къэралым и Iэтащхьэмбгъурытусурэттрахащ! Макъ лъэщ иIэу зэхьэзэхуэхэм щытекIуэми, абы IэщIагъэу къыхихынур фортепианэращ - уи гъуэгум ирикIуэнущ. А тIум я закъуэ?! «Мадинэ мыхъуамэ си макъыр кIуэдат. Сэ ПщыхьэщIэм къысхуищIар зэи сигу ихунукъым. Мадинэ къыздэмыIэпыкъуамэ, IэщIагъэм сыкъыхэхуат», - жызыIэу цIыху дапщэ къахукъуэкIыжрэ уи унагъуэм! Пхухаха пIалъэр зэрымащIэр зыхэпщIэжу уепIэщIэкIрэт? ЦIыхум защумыгъэнщIу, дуней иным ухуэнэхъуеиншэрэ макъамэкIэ IэплIэ епшэкIыу упсэуащ, пхуэфащэ пщIэри къыплъысыжу! Зэи апхуэдэ дымылъэгъуауэ, хуабжьу цIыхушхуэ къекIуэлIарэ къыпхужаIэр яфIэмащIэу уи иужьрей гъуэгуанэм утрагъэувэжащ ... нэгъабэ.

ПщIантIэшхуэм цIыхур дэхуэртэкъым. Осетием къикIа автобусхэр куэд хъурт, цIыхухэр ярызт, къыдыхьэр гъуэгырт. Ахэр хуейт псэлъэну, къыпщытхъуну, ягу къыпхуилъыр яIуэтэну, ауэ ди хабзэм ар къызэремызэгъыр къагурыIуэрти зашыIэрт, щэхуу къыджаIэрт. Си гум ихужыркъым я бзылъхугъэ нэхъыжьхэм ящыщ зым гъыуэ ерагъыу къызэриIущэщар: «Мы с вами потеряли большого музыканта, невероятно талантливого концертмейстера. Мадиночка является достоянием и нашей и вашей республики!».

... Аргуэру накъыгъэ мазэ дахэщ, илъэс блэкIауэ. Зи пшыналъэр зэхэдмыхыж, ауэ ди гум къыщыIуж Мадинэ къытхуигъэна и цIэ лъапIэр ди зэхуэдитIщ ар къэзылъхуа адыгэми зыхуэлажьэу игъэфIа осетинхэми. Сигу къэкIыжащ иджыпсту ди сабиигъуэм щыщ зы теплъэгъуэ. ПщыхьэщIэхэ хьэщIапIэ сыщыIэт. Абы сабий хьэпшып куэд яIэти, ахэр къесхьэжьауэ сыхэст, тIури дызэдэджэгуну сыхуейуэ. Мадинэ и гуащэщIэр зэпиплъыхьри игъэтIылъыжауэ щыIукIыжым сеупщIащ:

- Уэ уи гуащэ щIэрыпсыр бужэгъуакIэщ. Апхуэдэу щхьэ ущIэщыгъуэщI? Сэрамэ Iэджэрэ абы сриджэгунут.

- А гуащэхэр хьэпшыпщ. Абыхэм псэ яIуткъым, - ар жиIэри сэр нэхърэ илъэсиплIкIэ нэхъыщIэ сабийр пианинэм бгъэдыхьауэ щытащ, Iэпэ зырызу трипIытIэу. Абы къыхихар псэ зыIут макъамэрат, сэ абы щыгъуэ къызгурымыIуами. Дунейм макъамэ ирищIэкIыу, и псэм къигъэщIыр IэплIэу абы иришэкIыу псэуащ си шыпхъу цIыкIур. УдимыIэжми, уи гуфIэнэIур ди нэгум щIэтщ, Мадинэ, ди напщIэ утелъщ, ди дуней гъащIэм елъэщэкI щIыпIэ дахэ гуэрым псэ тыншыгъуэ щыбгъуэтауэ Тхьэм жиIэ.

АБРОКЪУЭ Беллэ.

ЗАРУЦКИЙ Александр:

● Ди псэлъэгъухэр

Дыхуэмыхьэзыру къыщIэкIащ

Футболеплъхэр зытегузэвыхьу, «Спартак-Налшык»-м мыгъэрей чемпионатыр щIагъуэу зэрыримыгъэжьам, турнир таблицэм и кIэхэм къыщIыщыхутам, командэм и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур и къулыкъум щIытекIам я щхьэусыгъуэхэм, нэгъуэщIхэми тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ клубым и унафэщI Заруцкий Александр икIи ди упщIэхэм и гуапэу жэуапхэр къаритыжащ.

- Александр, гъэ джэгугъуэщIэм щIидзэным ипэ къихуэу клубым и унафэщIхэмрэ топджэгухэмрэ футболеплъхэм щаIущIам щыгъуэ къыхагъэщауэ щытащ егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ лэжьыгъэ хъарзынэхэр ирагъэкIуэкIауэ, командэр зэIущIэхэм хуэхьэзыру, зыхуей топджэгухэри къэрагъэблэгъауэ. АтIэ, иджы къэхъуа жар сыт, чемпионатыр мыхьэнэншэу командэм щхьэ иригъэжьа?

- Сэ сызэреплъымкIэ, топджэгухэр тэмэму чемпионатым хуагъэхьэзыракъым, псом хуэмыдэу, абыхэм я къарум хэгъэхъуэным, бэшэчагъ зыхагъэлъыным ехьэлIауэ. Аращ псоми я щхьэусыгъуэр. Топджэгухэм я къарур яхурикъуркъым зэIущIэм и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху губгъуэм жыджэру итыну. Мы гъэм, «Севастополь»-м дыщыдэджэгуам къищынэмыщIа, етIуанэ таймхэр сыт щыгъуи тфIахьащ.

- Ар къызыхэкIар сыт?

- АбыкIэ зэупщIын хуейр командэм и тренер нэхъыщхьэращ. Топджэгухэр гъэхьэзырыным ехьэлIауэ абы езым и Iэмалхэмрэ Iуэху еплъыкIэхэмрэ иIэжщ. Ауэ, иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, псэкIи къарукIи командэр чемпионатым хуэмыхьэзыру къыщIэкIащ. Зыри жыпIэ хъунукъым, зэIущIэхэм я япэ Iыхьэхэр хъарзынэу идогъажьэ. Псалъэм папщIэ, Ставрополь къалэм дыщыщыIам япэ Iыхьэм фIыуэ дыджэгури, етIуанэм дыпхрыхуащ. Ди унэ дыщыIэу Мэхъэчкъалэ и командэми бжыгъэр 2:0-у къыфIэтхъу едгъэжьэри, етIуанэм щIалэхэм я лъэр щIэхуащ. ЗэIущIэ дызыхэтахэм, «Севастополь»-м нэмыщI, зы топ закъуэ тхудэгъэкIакъым етIуанэ Iыхьэхэм.

- Командэм и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур езыр и къулыкъум текIа хьэмэрэ фепсэлъэн хуей хъуа?

- Хьэуэ, хэгъэзыхьи текъузи Iуэхум хэтакъым, ар дызэгъусэу къэтщта унафэщ. Тимур куэд щIауэ соцIыху, сэ нэхърэ илъэс 15-кIэ нэхъыщIэщ ар, зэгъусэуи топ дыджэгуащ. Клубым сыкъыщыкIуам щыгъуэ, командэм абы ирищIылIа зэгурыIуэныгъэм и пIалъэр мы гъэм и мэкъуауэгъуэм икIын хуейуэ арат. ДытIысри дызэпсэлъат щIымахуэм. ЖесIауэ щытащ, си лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъи зэригъэтынум шэч къытримыхьэну, зыми щхьэкIэ мыгузавэу лэжьэну.

Командэм къигъэлъагъуэ джэгукIэм, ехъулIэныгъэхэр зэримыIам ириудыхащ. Зэрешар, и Iуэхум зыри къызэримыкIым щхьэкIэ зэрызэныкъуэкъужыр плъагъуурт, псыуэ щIэтыр къыщIакъузыкIам хуэдэт. Сытми, иджыри зэ къыхызогъэщри, гукъанэ хэмылъу, лъэныкъуитIри дызэхуэарэзыуэ унафэ къызэдэтщтащ.

- Командэм и футболист пажэхэм нэгъабэ дызэрагъэгушхуа джэгукIэхэм хуэдэ мы гъэм ядэтлъагъуркъым. Абыхэм я зэрани хэлъу къыщIэкIынщ Iуэхур апхуэдэу щIэхъуам. Тренерыр куэдкIэ ящыгугъагъэнщ абыхэм...

- Хьэшыр Алан къэтщтэнщи, ди командэм и мызакъуэу, дыщыджэгу чемпионатым щынэхъ лъэщхэм ящыщщ, жысIэу щытмэ, сыщыуэну къыщIэкIынкъым. Гъуащхьауэ гъуэзэджэщ, топджэгу бэлыхьщ, ауэ мы гъэм зэрыщIидзэрэ джэгугъуипщI едгъэкIуэкIащи, иджыри къыздэсым зэ закъуэ къыхэжаныкIыфакъым. Абы и къарури хурикъуу къыщIэкIынкъым, сщIэркъым и Iуэхур щIэмыхъур. Далиев Дени футболист Iэзэщ, ауэ ари къытхуэцIыхужыркъым. КъызгурыIуэркъым, зыщIыпIэ деж зыгуэр къыщызэтекъутащ.

Битокъу Тимур и къулыкъур къыщIигъэнар аращ. Дэ къыдгурыIуэ командэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр егъэгъуэтын, псэщIэ хэлъхьэн зэрыхуейр. Хэт ищIэрэ - нэгъуэщI тренерым ар хузэфIэкIынкIэ хъунущ.

Мыдрейуэ, илъэсым щIимыдзэ щIыкIэ куэдкIэ дызыщыгугъа футболистхэм я зэфIэкIхэр нэсу иджыри къагъэлъэгъуакъым, зэрыжаIэу, зыкъызэкъуахакъым. Нэгъабэ ахэр зэрыджэгуар псоми флъэгъуащ.

- Топджэгухэм ятеухуауэ унафэ гуэрхэр щыIэну?

- Дауи щIы, дэ арэзы дикъащIыркъым абыхэм. Апхуэдэу щыхъукIи, зэрыджэгун къару ямыIэмэ, текIуэныгъэхэр къыздикIынур дэнэ? Ауэ догугъэ абыхэм иджыри дагъэгуфIэну. НобэкIэ зыри схуэгъэкъуэншэнукъым, щхьэж хузэфIэкIыр ещIэ, ауэ илъэс псокIэ зэрыджэгун, зрикъун къару ямыIэу щIадзащ абыхэм, аращ сэ Iуэхум хэслъагъуэр.

- Командэм и тренер нэхъыщхьэм теухуауэ унафэ гуэр щыIэ хьэмэрэ Шагъыр Исмел а къулыкъур мы гъэм ирихьэкIыну?

- Хьэуэ, командэм и тренер нэхъыщхьэ къулыкъур Емкъуж Мурат пIалъэкIэ игъэзэщIэнущ. ЗэкIэ аращ ди унафэр. Деплъынщ и лэжьэкIэм, и Iуэху дэхыкIэхэр зыхуэдэм. Зэманым къигъэлъэгъуэнщ дауэ дыхъунуми.

- Илъэс куэд щIауэ щымыIауэ спонсорыфI клубым къигъуэтащ мы гъэм. АтIэ, командэм и Iуэхум ахэр дауэ нобэ зэрелъыплъыр: апхуэдэу фIэкIа мыджэгуу къыфхуадэну абыхэм?

- Командэм ахъшэ хэзылъхьэ дэтхэнэ зыри хуейщ ар зыдэIэпыкъу топджэгу гупыр пашэхэм яхэтыну, турнир таблицэм япэ увыпIэхэр щиIыгъыну. Ар дэри къыдгурыIуэ. Клубым и бюджетым хэмыхьэу мы гъэм ахъшэ къэдгъуэтащ икIи ар тедгъэкIуэдэнущ командэм и автобусыр зэгъэпэщыжыным, топджэгухэр спорт щыгъынхэмкIэ къызэгъэпэщыным, саугъэтхэмкIэ ахэр гъэпажэным.

Псалъэм и хьэтыркIэ, илъэсибл хъуауэ ди футболистхэм саугъэтхэр къахьакъым. Мис иджы, ди спонсорым и фIыгъэкIэ, топджэгухэм ахъшэ саугъэтхэр еттыфыну Iэмал диIэ хъуащ. ТекIуэныгъэ къахьрэ - саугъэтыр я Iэрылъхьэщ, къахуэмыхьрэ - хэкIыжащ. Ауэ ари спонсорым унафэ зэрищIщ. ТлъэкI къэдгъэнэнукъым илъэс къакIуи абыхэм дадэлэжьэн щхьэкIэ. Бюджетым хэмыхьэ апхуэдэ ахъшэм егъэлеяуэ дыхуэныкъуэщ.

- Илъэсым щыщIидзэм командэм и къалэн нэхъыщхьэу щытар гъэм и кIэм чемпионатым и турнир таблицэм и еханэ увыпIэм и лъабжьэ къэмыкIуэныртт. Иджы Iуэхур щIагъуэу зэремыжьам къыхэкIыу, абы зевгъэхъуэжыну?

- Сэ илъэс куэд хъуауэ футболым сыхэтщ икIи фIыуэ сощIэ футболистхэм къалэн гуэрхэр яIэн зэрыхуейр. Апхуэдэу щымытмэ, ущIэджэгуни зыгуэр ущIыщыгугъыни щыIэкъым. Турнир таблицэм и еханэ увыпIэм и лъабжьэ дыкъэмыкIуэну апхуэдэ къалэныр зыгъэувар сэращ, армыхъумэ апхуэдэ унафэ къытхуащIауэ аракъым. ГурыIуэгъуэщ, командэр нэхъыфIу джэгуху, увыпIэ лъагэхэр иIыгъыху, стадионым къакIуэ футболеплъхэм я бжыгъэри нэхъыбэ зэрыхъунур. Абы къыдэкIуэу, спонсорхэр къэбгъуэтыну, клубым ахъшэ къепшэлIэну нэхъ тынш мэхъу.

Ди топджэгухэм я зэфIэкIым шэч къытесхьэркъым, абы къыхэкIыуи, къалэным зихъуэжэркъым, нобэ дызэрыхуа щытыкIэ гугъум дыкъикIыжын хуейуэ аращ. Дызыхэт гупым дыкъыхамыдзын е епщIанэ увыпIэр абы щыдубыдын, жыхуаIэхэр - ахэр къалэнкъым. Илъэсым и пэм зытедухуам дытетынущ.

- Клубым ахъшэ иIэкъым, аращ командэм и Iуэхур щIэмыщIагъуэр, армыхъуамэ, псори бэлыхь хъунут, жаIэ куэдым. АтIэ, сэ сызэреплъымкIэ, ахъшэракъым топ джэгур, атIэ футболистхэращ, хьэмэрэ...

- НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ дыкъыщеплъмэ, командэм ахъшэ нэхъыбэ иIэху нэхъыби хузэфIэкIынущ. Псалъэм папщIэ, Черкесск, Краснодар, Севастополь къалэхэм я командэхэм я бюджетыр хуэдитIкIэ нэхъыбэщ дыдейм нэхърэ. Ахъшэ нэхъыбэ диIатэмэ, топджэгу нэхъ лъэщхэр, тренер Iэзэхэр къытхуешэлIэнут, нэхъ жыжьи дыплъэфынут.

- Дохутырыр, егъэджакIуэр, нэгъуэщIхэри кърат улахуэмкIэ мэлажьэ, я къалэнхэр ягъэзащIэ, ар мащIэщ е цIыкIущ жамыIэу. АтIэ, ущытопджэгукIэ, клубым зэгурыIуэныгъэ щепщIылIакIэ, ар уи лэжьыгъэу щыщыткIэ, уджэгун щIыхуэмейр сыт, зэрыжаIэу, щIыр къибуду.

- Нобэ диIэ футболистхэм я зэфIэкIыр здынэсыр аращ, я щхьэ зыри щхьэпрылъыжыфынукъым. Я лъакъуэхэм къару щыхэмылъкIэ, къызэражыхьынур, зэрыджэгунур дапхуэдэу? Мейкъуапэ дыщыщыIам щыгъуэ, зэIущIэм и кIэхэм Хьэшырыр и закъуэ телъэдат къытпэщIэт командэм и гъуащхьэми, абы и жэкIэр щыслъэгъуам къызгурыIуащ, Iуэхур зэрымыщIагъуэр. Адрей илъэсхэм апхуэдэ Iэмалхэр Алан зыIэщIигъэкIыу щытакъым, атIэ иджы худэхуакъым. Абы псори къыбжеIэ.

- Александр, ди псалъэмакъым и кIэм мыпхуэдэ упщIэ уэстыну сфIэигъуэт: террорист, экстремист щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ, щIалэгъуалэр абыхэм щыхъумэнымкIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр фи деж щекIуэкIрэ?

- Футболыр щхьэзакъуэ спорткъым, мыбы гупхэрщ щызэпеуар. Командэр зыуэ зэкъуэтмэ, зэрыIыгъмэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр зылэжьын мурад зиIэхэр занщIэу сэтей къэхъунущ икIи къызыхахунущ. Акъыл IуэнтIа зиIэхэм ди деж щащIэн щыIэкъым, щыIакъым икIи щыIэнукъым. ЩIалэхэм щIэмычэу допсалъэ, къагурыдогъаIуэ гъуэгу пхэнжым фIым узэрыхуимышэнур, атIэ спортым къаруушхуэ зэриIэр, абы и лъагапIэхэр къахуэщтэу щытмэ, гъащIэ дахэ зэрыхэпсэукIыфынухэр, зэрехъулIэнухэр.

Епсэлъар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

Миланэрэ Идаррэ дунейпсо чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

Болгарием и къалащхьэ Софие накъыгъэм и 16 - 19-хэм щекIуэкIащ ТхэквондомкIэ дунейпсо федерацэм (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) и Президентым и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIа 10-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрал куэдым я спортсмен лъэщу 3000-м щIигъу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэу Багъ Идаррэ Бекъул Миланэрэ икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, ехъулIэныгъэфIхэр яIэу къагъэзэжащ.

Хъыджэбзхэм я зэпеуэм, килограмм 46-рэ зи хьэлъагъхэм я деж, дыщэ медаль къыщихьащ Бекъул Миланэ. Адыгэ пщащэм зэхьэзэхуэм зэIущIитху щригъэкIуэкIащ икIи финалым ар щытекIуащ УФ-м и командэм хэт, Самарэ областым щыщ и ныбжьэгъу Ангеловэ Алисэ.

Багъ Идар и хьэлъагъ ельытауэ зыхэта гупым (кг 58-рэ) зэIущIих щригъэкIуэкIащ икIи IэмалыфIхэр иIащ зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр зыIэригъэхьэну. ЯпэщIыкIэ, финалым и Iыхьэ ныкъуэм икIын папщIэ, ар езэуащ Белоруссием щыщ Гурциев Георгий икIи и IэзагъкIэ

фIыуэ ефIэкIыу ди щIалэр абы текIуащ. АдэкIэ, кIэух зэхьэзэхуэм Идар и къару хуримыкъужарэ е нэгъуэщI зыгуэр, Италием и спортсмен Вито Дельакуилэ зы балл закъуэкIэ къытекIуэри, дыжьын медалым деж езыр къыщыувыIащ.

Гу лъывэдгъэтэнщи, гупхэм я зэпеуэм Урысей Федерацэм япэ увыпIэр къыщихьащ, етIуанэр Италием и командэрщ, ещанэр Тыркум къикIахэрщ.

ВТФ-м и Президентым и Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэр къызэрыхах зэпеуэу щытщ. Абы къыхэкIыу иджырей зэIущIэм къыщыхэжаныкIа ди спортсменхэр УФ-м и командэ къыхэхам хэту 2025 гъэм и жэпуэгъуэм Китайм щызэхашэну дунейпсо чемпионатым кIуэнущ. Ди гуапэ зэрыхъущи, Багъ Идаррэ Бекъул Миланэрэ апхуэдэ щIыхь къыхуагъэфэщащ.

Ди спортсменхэм ядэлажьэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Ахьмэт Амир ди газетым къызэрыжриIамкIэ, Болгарием щекIуэкIа зэхьэзэхуэр дагъуэншэу къызэрагъэпэщат икIи и гъэсэнхэм абы щахузэфIэкIамкIэ арэзыуэ къэкIуэжащ.

«Дауи щIыи, Китайм щекIуэкIыну чемпионатым ди гъэсэнитI щыIэнущ УФ-м и командэ къыхэхам хэту. ЖыIэнурамэ, ди къэралым икIыу псори зэгъусэу абы кIуэнур цIыху 16-щи: хъыджэбзу 8-рэ щIалэуи апхуэдизщи, ди республикэм щыщ гупитIми хэтынущ. Ар ди дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ», - къыхигъэщащ Ахьмэт Амир.

Мыдрейуэ, иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм олимпиадэм ягъэкIуэн папщIэ къызэрыхах рейтинг баллхэр иратащ, абыхэм я куэдагъыр къахьа увыпIэхэм ельытауэ. Апхуэдэуи, нэгъуэщI дунейпсо, европей зэIущIэшхуэхэми хэтыну Iэмал яIэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъБР-м щыяпэу УФ-м тхэквондомкIэ и чемпион щэнейрэ хъуахэщ Багъ Идари Бекъул Милани.

Дехъуэхъунщ ди спортсменхэми, абыхэм, зэрыжаIэу, псэемыблэжу ядэлажьэ Ахьмэт Амири я зэфIэкIхэм адэкIи хагъэхъуэну, я текIуэныгъэ дахэхэмкIэ илъэс куэдкIэ иджыри дагъэгуфIэну.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Чэрим МариаННэ**, **ЩхьэщэмыщI Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.437
Заказыр №1090
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **ДыщэкI Соня** *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Щомахуэ МариаННэ**, **Мэлбахъуэ Анжелэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.